

NIMEWO

1

Jan – Fev – Mas

2025

# BonNouvel

Jounen an

**GRATIS**  
PA POU VANN

PATNÉ NOU YO PEYE POU DEVOSYON  
SA DÉJA KIFE LI KAPAB DISTRIBUIYE GRATIS.

Menm jan ak dlo frèt pou yon nanm ki swaf, se konsa BonNouvel ki sot nan peyi lwen ye (Pwovèb 25:25).

Uebert & BeBe  
ANGEL



## UEBERT AK BEBE ANGEL

Ak yon gwo richès eksperyans nan ministè a plen tan, Uebert ak Bebe Angel vin tounen vwa ki enpòtan anpil nan pataje BònNouvelgras Bondye a (Euangelion) ak fè avanse ministè pwofetik la tout kote nan lemond. Antanke otè ki gen anpil siksè nan liv enflyantankou Spiritual Warfare, Prayer Banks, Supernatural Power of The Believer, Grace Driven Life, ak Devosyon BònNouvel Jounen an, yo fè gwo kontribisyon nan literati Kretyen an.

Renome pou vizyon, inovasyon, ak lidèchip dinamik yo, Uebert ak Bebe Angel se oratè konferans ke yo ap chache anpil. Kòm pyonyemondyal ak fondatè Legliz GoodNews (Spirit Embassy) ak detantèofis Pwofèt la, yo gen yon enpak pwofon sou lavi plizyè milyomoun atravè mond lan, gide pa yon angajman san parèy pou simayerevelasyon BònNouvel la ak pouvwa transfòmatif ki genyen nan gras Bondye a (Euangelion).

## KONSENAN DEVOSYON BÒNNOUVÈL JOUNEN AN

Devosyon BònNouvel Jounen an se yon resous Kretyen trè apresye ki ekri ak anpil swen pou pote anrichisman espirityèl chak jou nan ane a. Li ofri ide pwofon, revelasyon pisan, ak deklarasyonpwofetik chak jou nan objektif pou gide lektè yo nan yon lavi kisantré sou Kris, ki pran rasin nan ansèyman transfòmatif akrevelasyon Pwofèt Uebert Angel yo. Pibliye chak 3 mwa, devosyonsa distenge li nan fason li etann li nan mond la, kote ke li disponibgratis nan anpil lang pou depase baryè lengistik yo epi asire ke mesaj pou chanje lavi li yo aksesib tout kote nan mond la.



Mèkredi, 1 Janvye

## LÒGÈY VIN ANVAN CHIT

### 1 Piè 5:5

Menm jan an tou, nou menm jennjan yo, se pou nou soumèt devan chèf reskonsab yo. Nan tout rapò nou yonn ak lòt, se pou nou soumèt devan Bondye. Paske Bondye pran pozisyon kont moun ki gen lògèy. Men, moun ki soumèt devan I', li ba yo favè li.

Pawòl ki di ‘Lògèy vin anvan chit’ parèt otan popilè nan mitan kretyen ak kominote layik yo, li parèt tou nan tèks literè, diskou ak lòt sipò kilti popilè, orijin ansanm ak siyifikasyonl soti dwat nan prensip biblik yo! Labib di nou sin vle rafrechi benediksyon Bondye yo nan vin, nou bezwen asiren ke nou mete lògèy de kote!

Jodiya gen anpil moun ki ranpli ak lògèy san yo pa konnen kisal vle di. Lè yon moun gen lògèy, li gen yon kwayans ki depase limit nan kapasitel sanl pa rekonèt gras Bondye ki ap aji nan vi li. Vèsè piwo a montre'n ke pandan Bondye kanpe kont moun ki gen lògèy yo, li bay gras ak moun ki fè yo tou piti. Pandan nap demare nouvèl ane sa, pi gwo chenn poun kraze se chenn lògèy. Pa kite sa bloke temwayaj ou ane sa. Abiye tèt ou ak imilite epi gade manifestasyon total ane paw la kòm yon kasè chenn!

### DEKLARASYON PWOFETIK

Nan nouvèl ane sa, imilite pral edem leve! MWEN PAP JANM KITE LÒGÈY MONTEM! Tout chenn yo fè pou bloke ane 2025 mwen an KASE nan non Jezi!

### ETID KONPLEMANTÈ

Pwovèb 16:18

Èske nou pare poun kòmanse defi lekti labib 365 la?

Lekti jodiya se: Jenèz 1-3

[www.goodnewsdailydevotional.com](http://www.goodnewsdailydevotional.com)



Jedi, 2 Janvye

## KÒMANDE MATEN W

Jòb, èske yon sèl fwa ou janm bay lòd pou maten rive? Ou janm bay lè pou bajou kase? Eske ou janm bay devanjou lòd poul klere sou tout latè, poul fè mechan yo soti nan twou yo?

Eskew konnen kew kapab kòmande kòmansman lajounenw? Pou anpil kretyen, onètman yo tap reponn ak kesyon sa « NON », byen fò. Memm si Pawòl Bondye a montre jan li enpòtan pou nou kòmande jou yo nan plizyè pasaj nan bib la, anpil moun kontinye ap Mennen vi yo tankou avèg, san yo pa rekonèt pouvwa Bondye vlope yo ak li a. Paske w se pitit li, Bondye baw pouvwa pou ranje avniw anvan menm ou mete pyew ladani. Pouvwa sa pap kapab manifeste tout bon vre si lew leve lematen, olyew kòmande kòmansman lajounenw, sak pi enpòtan pou ou se al tyeke mesaj ki sou telefòn ou!

A pati de jodia, fè kapasite sa Bondye ba ou a yon eleman prensipal nan tout bagay ou gen pouw fè lèw leve chak maten. Lèw bay tèt ou abitid kòmande kòmansman lajounenw, non sèlman ou trase wout lavniw, men tou wap kase chenn yo epi fristre tout plan enmiw yo avan menm yo jwenn posibilité pou vin sou ou pou nwiw!

### DEKLARASYON PWOFETIK

Mwen kòmandew, maten, pouw mete an plas tout bagay ki pou fè jounen an reyisi pou mwen. Mwen pwofetize ke jounen pam nan pral yon jounen kase chenn nan tout domèn la vim. Mwen se yon siksè asire nan lane 2025 sa. Alelouya!

### ETID KONPLEMANTÈ

Sòm 5:3

### 365 JOU DEFI LEKTI LABIB

Lekti jodiya se: Jenèz 4-7 (chapit 4 pou rive nan chapit 7)

[www.goodnewsdailydevotional.com](http://www.goodnewsdailydevotional.com)



Vandredi, 3 Janvye

## ENMI AN AJENOU

Filip 2:10-11

Konsa, tou sa ki nan syèl la, tou sa ki sou tè a ak anba tè a, yo tout va mete jenou yo atè devan Jezi pa respè pou non Bondye te ba li a. Tout moun va rekonèt Jezikri se Seyè a. Sa va sèvi yon lwanj pou Bondye Papa a.

Bib la di nou ke tout bagay nou fè fas ak yo nan vi nou, ke yo nan syèl la, sou tè a ou anban tè a, yo tout dwe mete ajenou devan Senyè a Jezi Kris. Sepandan, anpil kreyen kapab site plizyè ka kote yo te itilize non Jezi epi sitiyasyon yo pat chanje, e kèkfw a menm bagay yo te vin pi grav pou yo! Rezon an senp. Nan orijin li, "NON" soti nan 'anoma' ki vle di karaktè oubyen pèsonalite. Anpil moun ap rele non Bondye, poutan pwòp vi pa yo pa gen anyen pou wè ak karaktè oubyen ak pèsonalite Bondye.

Non Senyè a, Jezi Kris, pa yon modpas kew itilize pouw kase chenn, men se yon bagay ki egzije ke viw tankou yon mirwa kote tout moun ka wè ladani pouvwa wap eseye atenn nan. Antanke pitit Bondye, nou dwe asire n ke nou byen alienen nou sou karaktè Kris, e se lè sa nou va wè enmi an ajenou tout bon vre nan vi nou!

### DEKLARASYON PWOFETIK

Vi mwen se imaj Bondye ki ap viv nan mwen an. Jodiya, mwen fè apèl ak non Senyè a nan karaktè li, se pou tout chenn ki bezwen kase yo kase jodiya menm! Amèn.

### ETID KONPLEMANTÈ

Ròm 14:11

### 365 JOU DEFI LEKTI LABIB

Lekti jodiya se: Jenèz 8:1-11:9

[www.goodnewsdailydevotional.com](http://www.goodnewsdailydevotional.com)



Samdi, 4 Janvye

## BONDYE PA FÈ ERÈ

### Jeremi 1:5

Mwen te konnen ou anvan menm mwen te ba ou lavi nan vant manman ou. Mwen te mete ou apa pou mwen anvan menm ou te fèt. Mwen te chwazi ou pou ou te yon pwofèt pou nasyon yo.

Ou pa yon erè Bondye fè! Anpil moun ap viv lavi chak jou yo nan fè valè yo pase pou sikonsans kote yo te fèt la oubyen pou anviwònman kote yo leve ya. Poutan, Pawòl Bondye montre nou ke, menm anvan nou te fòme nan vant, Bondye te mete valè sou lavi nou. Nan vèsè piwo a, nou wè Bondye kap pale ak Jeremi, kote lap revelel ke anvan menm li te fòme nan vant, Bondye te chwazil poul vin pwofèt nasyon yo! Se menm jan, atravè Pawòl li Bondye ap diw ke li te mete valè sou laviw anvan menm ou te pran fòm fizikman.

Antan ke pitit Bondye, li depann de ou pouw rekonèt epi mache nan valè ke Bondye deja mete sou laviw la! Ou se yon kasè chenn, yon santral pisans (menm jan ak yon santral eletrik) ke anyen pa ka bloke! Pran fòs ak asirans nan don Bondye mete nan ou, epi ou va wè benediksyon Bondye yo ane sa yon fason ou pat janm wè anvan!

### DEKLARASYON PWOFETIK

**MWEN PA YON ERÈ!** Bondye fè mwen ak valè anndanm, tankou yon kado ki pa gen parèy. Mwen pa pè anyen. Bondye ap viv nan mwen, e map kòmanse itilize sa nan avantaj mwen jodiya menm, nan non Jezi!

### ETID KONPLEMANTÈ

Sòm 139:14

### 365 JOU DEFI LEKTI LABIB

Lekti jodiya se: Jenèz 11:10-14:13

[www.goodnewsdailydevotional.com](http://www.goodnewsdailydevotional.com)



Dimanch, 5 Janvye

## BAL SÈLMAN 3 JOU

Lik 22:53-54

Toulejou mwen te la avèk nou nan tanp lan, nou pa t' chache arete mwen. Men koulye a, se jou pa n', se jou pouvwa ki travay nan fènwa a. Yo arete Jezi, yo mennen li ale. Yo kondi l' kay granprèt la. Pyè t'ap swiv yo yon ti jan Iwen Iwen.

Vèsè sa fèn suiv trayizon ak arrestasyon Jezi. Nan moman sa, gen yon reyalite espirityèl ki ta pral revele. Jezi di : « Se lè paw, ak pouvwa fè nwa. » Eske se pa pwofon ke Senyè Jezi te ka rekonèt yon pwen kote enmi an te panse li genyen batay la? Sa pat pran anpil pou yo konnen, ke yo te byen jwe wòl yo a nan plan diven Bondye a. Nan sèlman 3 jou, pitit resisite ak glorifye Bondye a ta pral parèt pou tout moun ka wè, ansanm ak tout sa yo kite fè konplo kont li yo!

Kèkfwa nan viw, ou ka twouvez nan sitiyasyon kotel ta sanble ke enmi an genyen. Poutan, lè sa ak tout pisans fè nwa fè pati de yon plan pi gwo pou pwomosyonw! Fè Bondye konfyans epi konstate chanjman konplè lap fè nan vi nou poul pi bon! Mete konfyans ou nan Bondye kite gade lanmò nan je epi venk li. Ou pral wè chenn yo kase yon janw pat janm wè anvan ane sa!

### DEKLARASYON PWOFETIK

Tankou brezye nan gwo flanm dife, mwen atenn nouvo somè ane sa. Kelkeswa plan enmi an pou kontrekare desten mwen, li tonbe nan silans jodiya! Amèn.

### ETID KONPLEMANTÈ

Sòm 30:11-12

### 365 JOU DEFI LEKTI LABIB

Lekti jodiya se: Jenèz 14:14-18:8

[www.goodnewsdailydevotional.com](http://www.goodnewsdailydevotional.com)



Lendi, 6 Janvye

## SAN SIPRIZ

Sòm 91:11-12

Bondye ap pase zanj li yo lòd pou yo veye sou ou, pou yo pwoteje ou kote ou pase. Y'ap pote ou nan men yo. pou ou pa kase zòtèy pye ou sou okenn wòch.

E sim ta diw ke lavi Bondye prevwa pou ou a se yon vi kote ke okenn atak enmi an paka siprann ou? Antanke kretyen, atak dyab yo pa sipoze janm siprann ou. Bondye bay zanj li yo responsabilite pou pwotejew, sa vle di ke yap travay san lache pou pwotejew antoutan kont tout danje!

Kòm pitit Bondye vivan, ou pa dwe janm kite bagay tankou pèrèz ou byen enkyetid deranje jounenw yo, paske Bondye plase sekirite nan tout bagay ki konsène viw. Lè wap viw nan pèrèz, ou diminye pwoteksyon Bondye baw nan Kris la, e ou pèmèt dyab la pran avantaj sou ou. Nou nan yon ane ki gen pwofesi ki fèt sou li. Chenn yo pa gen lòt chwa ke tonbe sou lòd ou. Toujou mache nan reyalite sa ki se wap sèvi yon Bondye ki pi vijilan ke nempòt gwo sistèm sekirite ki egziste!

## DEKLARASYON PWOFETIK

Mwen pa janm kite anyen pranm pa sipriz, e pèrèz ak enkyetid pap deranje vim ankò. Zanj Bondye yo ap travay pou mwen san lache 24 sou 24, 7 jou sou 7. Map sèvi yon Bondye ki toujou vijilan! Amèn.

## ETID KONPLEMANTÈ

Sòm 3:3

## 365 JOU DEFI LEKTI LABIB

Lekti jodiya se: Jenèz 18:9-21:21

[www.goodnewsdailydevotional.com](http://www.goodnewsdailydevotional.com)



Madi, 7 Janvye

## BRANCH YO NAN PYE REZEN AN

**Jan 15:5**

**Mwen se pye rezen an, nou se branch yo. Moun ki fè yonn avè m', moun mwen fè yonn ak li, l'ap donnen anpil, paske nou pa kapab fè anyen san mwen.**

Antanke pitit Bondye, ou se yon branch ki konekte nan yon pye rezen ki pafè. Nan etid sou botanik (ki se rechèch sou plant ak anviwònman), pye rezen an pote dlo ak manje bay branch li yo, poul asire siksè yo. Menm jan tou, kòm branch nan pye rezen etènèl la, Jezi Kris, li pote pou pitit li yo dlo ki bay lavi a ansanm ak gerizon nan kò nou! Ou paka pèmèt maladi oubyen pès vin chita nan kòw lèw konnen nan ki pye rezen ou sòti. Bib la montre kew genyen lavi Kris nan ou; nan ka sa, ou pa bezwen pè bagay enmi an ka tante fèw.

Nan bib la, Apot Pòl repete byen fò jodiya pawòl sa : « Mwen kapab fè tout bagay gras ak Kris ki met fòs nan mwen. » Li te rekonèt ke, antanke branch, li te gen kapasite fè nenpòt ki bagay gras ak fòs ke Bondye te bali. Pran konsyans de opòtinite ak pouvwa san limit kew genyen jodiya lèw rekonèt ak kiyès ou konekte.

### DEKLARASYON PWOFETIK

Mwen se yon branch nan pye rezen etènèl Bondye a; sous fòs mwen sot nan Li. Mwen pap enkyetem jodiya pou okenn defi ki ka vin sou wout mwen. Mwen trè byen konekte ak dènye pye rezen kise Jezi Kris.

### ETID KONPLEMANTÈ

Filip 4:13

### 365 JOU DEFI LEKTI LABIB

Lekti jodiya se: Jenèz 21:22-24:27

[www.goodnewsdailydevotional.com](http://www.goodnewsdailydevotional.com)



Mèkredi, 8 Janvye

## TOUT POU LA GLWA

### 1 Korint 10:31

Se sak fè, kit n'ap manje, kit n'ap bwè, nenpòt kisa n'ap fè, fè l' pou sa sèvi yon Iwanj pou Bondye.

Alòske vèsè sa popilè anpil nan mitan kretyen tout kote nan mond lan, anpil nan yo pa rive metel an pratik! Ekriti sa parèt senp, menm li pote yon mesaj ki pisan e pwofon; eskew te vrèman pran desizyon pouw soumèt tout saw ye pou glwa Bondye? Viv viw pou glwa Bondye se plis ke swiv yon pwogram legliz, oubyen asiste sèvis legliz chak dimanch, se pito chwazi soumèt tout kwen laviw anba gouvènans Kris!

Plizyè bagay nan bib la montre nou ke tout saw pa soumèt by Bondye, dyab la pral tante itilizel pou detwi destinew! Pratike foure Bondye nan tout bagay ki konsènew, kit se maryaj ou, biznis ou, absoliman tout bagay ki gen rapò avèw. Lèw fè sa, ou vin posede kapasite pouw kase tout kalite chenn ew pa bay enmi an teren poul manevre oubyen atakew.

### DEKLARASYON PWOFETIK

Jodiya mwen chwazi soumèt tout lavim bay Bondye. Tout sa map fè depi kounye a, pral sèlman pou laglwa Li. Lèm fè Bondye konnen plan mwen yo, siksè mwen asire.

### ETID KONPLEMANTÈ

Pwovèb 16:3

### 365 JOU DEFI LEKTI LABIB

Lekti jodiya se: Jenèz 24:28-26:35

[www.goodnewsdailydevotional.com](http://www.goodnewsdailydevotional.com)



Jedi, 9 Janvye

## TANDE KÈW

**Jeremi 17:9**

**Pa gen anyen ki ka twonpe moun pase sa ki nan kè lòt moun. Pa gen renmèd pou sa. Ki moun ki ka rive konprann sa k'ap pase nan kè lèzòm?**

Whilst phrases like listen to your heart or follow your heart are widely Alòske fraz tankou tandem kew oubyen swiv kew parèt tre popilè, sa kapab chokew pouw aprann ke yo pa biblik, ni yo pa edew nan wout ou ak Kris. Jan de fraz konsa ou jwenn yo nan medya monden tankou literati, chanson, oubyen pwezi nan lide pou diminye pouvwa mete nan ou a. Vèsè pi wo a montre ke anwo tout bagay, se sa, pa kèk, pa laplipa, men anwo tout bagay, kew a ap deseuvwaw.

Kòm ptit Bondye, ou pakap pèmèt kew diktew chwa viw oubyen reyaksonw nan moman kriz yo. Kew a mechan anpil, e si wap pase tanw ap koutel, sanw pa rann ou kont wap tonbe nan plan enmi an. Okontré, kitew gide pa Lespri Bondye ki nan ou a tankou yon gid pouw travèse tout traka lavi a. Aprann swiv sèlman Senyè a ak pawòl li epi viv yon vi ki pa domine pa emosyon oubyen santiman kew a!

## DEKLARASYON PWOFETIK

Mwen rejte desepsyon em chwazi pou se sèlman Lespri Bondye ki nan mwen an ki gidem. Chak montay ki oze kanpe sou wout mwen jodiya aneyanti pa pouvwa Jezi. Map mache sou direksyon Bondye, pandan map kraze chak obstak ak plan enmi an. Viktwa se pou mwen nan non pisan Jezi! Amèn.

## ETID KONPLEMANTÈ

Sòm 32:8

## 365 JOU DEFI LEKTI LABIB

Lekti jodiya se: Jenèz 27-29

[www.goodnewsdailydevotional.com](http://www.goodnewsdailydevotional.com)



Vandredi, 10 Janvye

## PÈSEKITE E PA SELEBRE

### Galasi 1:10

Lè mwen di sa, èske sa vle di se favè moun m'ap chache? Non. Se favè Bondye m'ap chache. Eske se plezi m'ap chache fè lèzòm plezi? Si m' t'ap chache fè lèzòm plezi, se pa Kris la mwen ta ap sèvi.

Jodiya, anpil moun akwo nan eseye fè lòt moun plezi pou yo ka popilè oswa pou moun renmen yo. Poutan, nan tan lontan, pifò apot, pwofèt ak pèsonaj biblik respekte nan mitan kreyen yo te sibi gwo pèsekisyon poutèt kwayans yo nan Bondye! Pandan ke fè anpil moun konnenw pa move, kite popularitew sòti nan enpak ou fè nan kò Kris la.

Apot Pòl ekri plizyè liv nan Nouvo Testaman pandan lite nan prizon a Wòm. Jeremi te toutan anba atak ak rayisman pou pwofesil yo, menm pa moun kite pwòch li. Jan te ekri liv Revelasyon pandan li te egzile sou lil Patmòs. Menm lè ewo biblik sa yo te pase anpil move moman, enpak yo te dire plizyè milye ane! Wout ou ak Bondye pa yon kous pou popularite; li se chans pouw fè yon enpak reyèl sou plizyè milyon nanm ki pèdi. Kase chenn yo nan kominotew, travay oubyen lekòl ou. Chwazi jodiya fè yon diferans pou Jezi Kris!

### DEKLARASYON PWOFETIK

Mwen destine poum kase chenn ak transfòme lavi yo. Nasyon yo temwen don Bondye nan mwen, em se yon selebrite nan syèl. Ak gras li, mwen triyonfe de advèsite em mennen anpil moun jwenn sali. Mwen deklare viktwa ak enfiliyans pou wayòm, nan non Jezi. Amèn!

### ETID KONPLEMANTÈ

1 Tesalonik 2:4

### 365 JOU DEFI LEKTI LABIB

Lekti jodiya se: Jenèz 30:1-31:42

[www.goodnewsdailydevotional.com](http://www.goodnewsdailydevotional.com)



Samdi, 11 Janvye

## ANYEN LÒT KE LAVERITE

Jan 17:17

Fè yo viv pou ou nèt gremesi verite a. Pawòl ou se verite a.

Pa gen okenn ekriti nan bib la ki eseye pwouve egzistans Bondye paske sa a se yon verite! Siw pa kwè, chay la chita sou ou pouw pwouve lekontrè. Pou sak gen pou wè ak mache ak Bondye oubyen mache sou wout li yo, se aprann ou aprann, ou pa teste verite; ou aplikel. Lèw antre nan yon jim, ou pa al cheke pouw wè si leve pwa pral devlope bibit ou yo. Ou sèlman antre paskew konnen sa pral rive! Ou pa al nan jim pouw eseye pwa yo; okontrè, wale pouw pratike tout saw te aprann sou yo.

Fraz tankou, « Si Bondye se Bondye, Lap gerim, » oubyen « Map priye poum wè si Bondye ap fèl » vini twò komen nan legliz. Lèw reyalize ke pawòl Bondye pa lòt bagay ke verite, dout kouri ale. Chwazi mache nan reyalite sa jodiya, ew pral wè pi gwo chenn ou tap eseye kaze yo tonbe tankou bè yap coupe ak yon kouto cho!

## DEKLARASYON PWOFETIK

Pawòl Bondye se verite absolu! Ak pawòl sa ki pap janm chanje, mwen kòmande tout chenn kase KOUNYE A nan non Jezi! Libète kont tout esklavaj se pou mwen; gerizon koule nan kòm. Pa gen okenn zam ki fabrike kont mwen kap reyisi, e chak lang ki leve kont mwen nan jijman kondane. Map mache nan favè diver, benediksyon abondan ak pèsé sipènatirel. Mwen pral temwaye anvan jounen an fini, nan non Jezi!

## ETID KONPLEMANTÈ

Jan 14:6

## 365 JOU DEFI LEKTI LABIB

Lekti jodiya se: Jenèz 31:43-34:31

[www.goodnewsdailydevotional.com](http://www.goodnewsdailydevotional.com)



Dimanch, 12 Janvye

## PWOTEKSYON TEMWEN BONDYE YO

Jenèz 12:3

M'ap voye benediksyon mwen sou tout moun ki va mande benediksyon pou ou. Men, m'ap madichonnen tout moun ki va ba ou madichon. Gremesi ou, tout nasyon sou latè va jwenn benediksyon.

Nan jistis kriminèl ak aplikasyon lalwa, gen yon pwogram ki rele pwoteksyon temwen! Pwoteksyon Temwen, oubyen WITSEC Ozetazini, pwoteje temwen ki an danje yo. Nan pwogram sa, yo baw yon lòt idantite, ki kachew anba je enmi an; bagay sa ankouraje temwen yo temwaye san yo pa pè reprezay ou prejidis.

Kòm pitit Bondye, ou se yon temwen glwa li! Lèw bal viw, ou resevwa yon nouvèl idantite, e je enmi an sot sou ou. Antanke temwen glwa Bondye, sa yo ki tap batay kont Abraham jwenn chatiman nan men Bondye, e sa yo ki tap beni li jwenn benediksyon. Menm jan tou, ou anba siveyans gouvènman syèl la 24/7. Temwaye lib de gras Bondye, konnen ke pèsonn paka fèw mal. Kraze TOUT chenn yo, libere kont laperèz; dyab la paka atrapew kounye a!

### DEKLARASYON PWOFETIK

Mwen rantre nan pwogram pwoteksyon temwen Bondye a. Kisam dwe pè? Ansyen idantitem nan efase, e je enmi an detounen de lavim! Mwen entouchab anba pwoteksyon Bondye. Zanj li yo antourem, e favèl mache devanm. Mwen deklare asirans pou temwaye bonte Bondye, konnen ke anyen paka rivem. Mwen mache nan lapè, viktwa, ak yon konfyans solid. Lavim frankil a pati de jodiya. Alelouya!

### ETID KONPLEMANTÈ

Ròm 8:31

### 365 JOU DEFI LEKTI LABIB

Lekti jodiya se: Jenèz 35:1-37:24

[www.goodnewsdailydevotional.com](http://www.goodnewsdailydevotional.com)



Lendi, 13 Janvye

## YÈ PATI

Ezayi 43:18-19

Men sa Seyè a di: Pa chita ap chonje tan lontan. Pa rete ap kalkile sa ki fin pase! Men m'ap fè yon lòt bagay pou nou. Li konmanse rive deja. Nou pa wè li? Mwen pral fè yon wout nan mitan dezè a. Mwen pral fè gwo dlo koule nan savann lan.

Ou paka chanje yè, men ou ka fè yon bagay jodiya ki ka chanje demenw! Alòskew gen dwa paka chanje erè pase yo, ou ka repozisyone tèt ou jodiya pou kreye nouvo opòtinite pou lavni. Bondye ap fè yon nouvo bagay, e se devwaw pouw tande vwa li. Kwè ke Bondye gen yon objektif pou laviw! Ou kapab te fèt pa aksidan, men ou pa yon aksidan pou Bondye. Yo kapab te eskliew oubyen rejtew, men Bondye pat janm e li pap janm rejtew. Li te fè ase pwovizyon pou siksèw anvan menm ou te fèt.

Aprann kite pase nan PASE! Refize kite erèw yo define kiyès ou ye. Ou se yon nouvèl kreyati nan Kris; ansyen bagay yo pase, e tout bagay vin nouvo. Kelkeswa chenn ou tap trennen sòti nan pasew, kase yo kounye a. Ou se yon kasè chenn!

## DEKLARASYON PWOFETIK

Bondye fè yon bagay nouvo nan vim! Pasem pa egziste ankò; yè pase lontan. Alelouya! Mwen deklare pèse san parèy ak benediksyon depase. 2025, pote yon avni pwospè pou mwen nan non Jezi! Amèn.

## ETID KONPLEMANTÈ

2 Korint 5:17

## 365 JOU DEFI LEKTI LABIB

Lekti jodiya se: Jenèz 37:25-40:8

[www.goodnewsdailydevotional.com](http://www.goodnewsdailydevotional.com)



Madi, 14 Janvye

## POUVWA NAN KONESANS

Oze 4:6

Pèp mwen an ap fini, paske li pa konnen mwen. Prèt yo voye tou sa mwen te moutre yo jete. Se konsa, mwen menm tou, mwen p'ap rekonèt yo pou prèt mwen ankò. Yo voye tou sa mwen menm, Bondye yo a, mwen te moutre yo a jete. Mwen menm tou, m'ap voye pitit yo jete.

Sa ka etonew pou aprann ke kretyen mwayen an apènn grate sifas tout bagay Kris te ofri nou nan pawòl li. Rezon an senp: anpil pa menm li pawòl la! Repons ak 100% pwoblèm wap fè fas jodiya trouvel nan pawòl la, men amwens kew lil, wap kontinye fè fas ak pwoblèm tankou yon moun ki pa kwayan. Bondye di nou ke pèp li a peri akòz mank konesans, pa paske dyab la gen pisans oubyen menm paske pitit li yo ap peche, men esansyèlman akòz inyorans verite espirityèl yo.

Se Ane Kasè Chenn nan, men sa vrèman bezwen pawòl Bondye a poul ka reyalize. Jodiya, pran desizyon pouw li pawòl Bondye chak jou, sa ap pèmèt pisans li genyen pou transfòme chanje viw ak chak lèt, silab ak fraz.

### DEKLARASYON PWOFETIK

Mwen renmen pawòl Bondye! Siksèm ane sa depann de konesans apwfondi mwen genyen nan pawòl Bondye. Mwen deklare pwofondè konpreyansyon, sajès, ak revelasyon ki sot nan pawòl Bondye nan lavim. Mwen resevwa fòs sinatirèl, yon fwa ki pap chanje, ak gras san limit. Mwen wè pwomès Bondye yo manifeste, e mwen temwaye bonte ak pisans Bondye nan vim a pati de jodiya! Amèn.

### ETID KONPLEMANTÈ

Ebre 4:12

### 365 JOU DEFI LEKTI LABIB

Lekti jodiya se: Jenèz 40:9-42:28

[www.goodnewsdailydevotional.com](http://www.goodnewsdailydevotional.com)



Mèkredi, 15 Janvye

## OU PA YON MOUN KAP KOURI DÈYÈ RÈV

### Galasi 2:20

Se sak fè, se pa mwen k'ap viv ankò, se Kris la k'ap viv nan mwen: lavi m'ap mennen nan kò m' koulye a, m'ap viv li nan konfyans mwen gen nan Pitit Bondye a ki te renmen m' sitèlman li te rive bay lavi l' pou mwen.

Jezi Kris pat vini pou fè rèv ou yo vin reyalite! Menm si nap louwel ak dil mèsi pou rèv moun lap reyalize chak jou, se yon nivo konprehansyon ki elementè de fason Ekriti yo prezante wòl Jezi nan vi nou. Bondye pap viv pou satisfèw; okontrè, se ou kap viv pou satisfèl. Antanke pitit Bondye, ou dwe rekonèt souvrènte li sou ou!

Attèn yon pwen kote ke tout deziv yo pafètman aliye ak volonte Bondye pou viw. Pòl te attèn yon nivo kotel te ka di, "Mwen pap viv ankò men se Kris kap viv nan mwen!" Kòm rezulta rekonesans lidèship Kris nan vil, Pòl te ka di ak asirans Kris tap aji e akonpli dezil yo atravè li. Ou pa yon moun kap kouri dèyè rèv; wap viv lavi pouw satisfè Moun kite sovew anba grif enmi an!

### DEKLARASYON PWOFETIK

Bondye se Senyè sou tout sektè nan vim! Tout dezim yo se dezi Li. Mwen beni poum se ambasadè Li, resevwa kapasite pou fè volonte Li. Objektif Li yo mennenm, Espri Li gidem, e lanmou Li kenbem. Map viv pou glorifye Li nan tout sa map fè!

### ETID KONPLEMANTE

Kolòs 3:3-4

### 365 JOU DEFI LEKTI LABIB

Lekti jodiya se: Jenèz 42:29-45:15

[www.goodnewsdailydevotional.com](http://www.goodnewsdailydevotional.com)



Jedi, 16 Janvye

## GEN POUVWA NAN LAPRIYÈ

### Filip 2:13

Paske, se Bondye menm k'ap travay tout tan nan kè nou. Se li ki ban nou anvi fè sa ki pou fè l' plezi ansanm ak fòs pou nou ka fè l' vre.

Pou de milyon kretyen nan mond lan, priyè tounen yon rityèl san sans ke yo resite anvan yal dòmi oubyen anvan yo manje. Sa pa gen anyen pou wè ak sa Bondye swete! Nan bib la, Bondye kominike ke priyè ka fèt tout moman nan jounen an. Kit ou sou wout pral travay, wap manje, oubyen menm pandan wap gade televizyon, pa janm gen move moman pouw priye!

Vèsè jodiya pale konsènan yon 'travay' ki ap fèt nan ou e ki pèmèt ou vin meyè pou Bondye. Pa inyore fòs ki sot nan Bondye ki ap pousew priye a. Lèw inyorel, konnen ke genyen tou yon fòs ki ap ralew Iwenn lapriyè. Dyab la konnen ke genyen pisans pou transfòme nan kominike ak Bondye; se sak fè lè poul anpechew priye li pap kanpe pou anyen! Rekonèt pouvwa ki gen nan lapriyè, epi temwen chenn yo kap tonbe menm jan ak mouch mouri!

### DEKLARASYON PWOFETIK

Pandan map priye kounye a, chenn yo ap tonbe youn pa youn. Nam ap mache vin nan Wayòm Bondye a, e lidè nasyonal yo ap konvèti. Gen pisans nan lapriyèm, e tout sam deklare akonpli! Volonte Bondye manifeste atravè mwen, e bon plèzi Li akonpli nan tout kwen lavim. Alelouya!

### ETID KONPLEMANTÈ

Jak 5:14-16

### 365 JOU DEFI LEKTI LABIB

Lekti jodiya se: Jenèz 45:16-48:7

[www.goodnewsdailydevotional.com](http://www.goodnewsdailydevotional.com)



Vandredi, 17 Janvye

## ESPERANS SÈVITÈ A

### Ezayi 54:16-17

Se mwen menm ki kreye bòs fòjon k'ap chofe dife chabon pou fè tout kalite zam. Se mwen menm tou ki fè Iwijanboje yo pou kraze brize. Men, tout zam y'a fè pou sèvi kont ou yo p'ap fè ou anyen. W'a gen repos nan bouch ou pou tout moun ki va akize ou nan tribunal. Se sa m'ap fè pou tout sèvitè m' yo. Se mwen k'ap defann kòz yo. Se Seyè a menm ki di sa!

Nan Pawòl la, Bondye detaye egzakteman sa sèvitèl yo dwe atann nan vi sa! Malgre sa, anpil kretyen pap jwi tout benefis sa yo nan lavi chak jou yo. Rezon an senp; anpil nan yo pa li Pawòl Li a ase pou yo konnen eritaj yo genyen nan Kris! Tout bagay Kris te baw nan moman ou te fèt ankò a ekri klèman nan Pawòl Li. Pwofonde nan pawòl la jodiya epi mache nan reyalite de kiyès Li fèw ye.

Antanke pitit Bondye, pa gen zam yo fabrike ki ka fèw mal, e nenpòt moun ki akizew devan tribunal ap fini kòm mantè! Sa ta dwe esperans yon sèvitè Bondye. Ou se kasè chenn isi a; Refize tann bagay ki òdinè epi kòmanse viv yon vi ekstraòdinè ane sa!

### DEKLARASYON PWOFETIK

Pa gen okenn zam ki ka fèm ak fanmim mal. Tout moun ki akizem dwe deklare mantè. Mwen plante nan Pawòl Bondye ki pap janm fayi, e anba pwoteksyon divin Li, mwen envensib kont tout atak. Pwomès Bondye yo se boukliyem, fidelite Li se fòtrès mwen, e chak plan enmi an detwi! Amèn.

### ETID KONPLEMANTÈ

Jan 10:28-30

### 365 JOU DEFI LEKTI LABIB

Lekti jodiya se: Jenèz 48:8-50:26; Egzòd 1

[www.goodnewsdailydevotional.com](http://www.goodnewsdailydevotional.com)



Samdi, 18 Janvye

## ENPÒTANS KOREKSYON

### Ebre 12:6

Paske Bondye peni moun li renmen. Se moun li rekonèt pou pitit li li bat.

Moun ki pi dyabolik kew gen pouw kontre se yon moun ki rayi enstriksyon! Ekriti piwo a di ke Bondye discipline moun li renmen yo. Ou nan yon pozisyon ki trè danjere ak enstab si pastèw, pwofèt ou, oubyen nenpòt moun ou respekte nan lafwa pè korijew. Koreksyon pèmèt ou wè difikilte lavi yo atravè je yon moun ki kapab konnen plis nan Pawòl la konsènan sitiaysonw nan.

Bondye te plase lidè yo nan pozisyon yo nan inik objektif pou edew! Refize kite lògèy anpechew rekonèt pwòp fot ou yo oubyen domèn ou bezwen amelyorasyon yo. Olye kew ofanse, aprann resevwa koreksyon epi wè mach ou ak Bondye amelyore yon fason konsiderab.

## DEKLARASYON PWOFETIK

Mwen resevwa koreksyon! Pastè ak lidè yo plase nan pozisyon yo pou avantaj mwen. Mwen pap kitem endiye lè yon lidè ofri poul edem kote yo panse ke map mal aji. Mwen anbrase sajès ak konsèy, paskem konnen sa ap fèm grandi e pran matirite. Atravè koreksyon, mwen ranfòse, rafine ak aliye pafètman ak volonte Bondye. Mwen deklare ke chak koreksyon mwen resevwa pousem poum atenn ekselans nan lòt nivo e devlope plis entimite ak Bondye. Alelouya!

### ETID KONPLEMANTÈ

Pwovèb 12:1

### 365 JOU DEFI LEKTI LABIB

Lekti jodiya se: Egzòd 2:1-5:9

[www.goodnewsdailydevotional.com](http://www.goodnewsdailydevotional.com)



AVAILABLE  
IN OVER 35  
LANGUAGES

DAILY

Dimanche, 19 Janvye

## MWEN ANKOURAJE TÈT MWEN

### 1 Samyèl 30:6

David te nan gwo tèt chaje paske mesye l' yo te fache anpil deske yo te pèdi pitit gason yo ak pítit fi yo, yo te fè lide touye David ak kout wòch. Men, Seyè a, Bondye li a, te ba l' kont kouraj.

Nan bib la, Rwa David te fè fas ak anpil atak, espirityèl kou fizik. Pandan tout tan sa, li pat janm chèche motivasyon oubyen ankourajman kot okenn lòt moun ke Bondye sèl. Li klè nan plizyè sòm li yo ke gen kèk sitiayson li te fè fas te sanble yo te ka mennen li menm ak wayòm li an nan echèk. Men a chak fwa, li te ankouraje ak motive nan lanmou ak devosyonl pou Bondye.

Antanke kretyen, mache nan reyalite ke tout saw bezwen nan Bondye. Lèw rankontre batay nan viw, olyew di, "mwen san espwa," fè kou David e di, "mwen pa pè okenn mal, paske Ou avèm." Lè enmi an tante twouble lapèw, kanpe djanm konnen kew gen kapasite kasè chenn yo nan ADN ou. Ankouraje tèt ou nan Bondye jodiya epi pouse pou pi devan.

### DEKLARASYON PWOFETIK

Mwen konnen ADN mwen. Mwen se byen Jewova Trè Wo a, e Lespri Li nan mwen an pèmanans. Mwen pran fòs ak kouraj nan Senyè a, pandan ke map raplem ke chak defi mwen fè fas se yon opòtinite pou pisans Bondye manifeste nan vim. Mwen gen viktwa, fòs mwen ranfòse, e anyen paka blokem, sa fè san mank jounenm paka pa ekselan nan non Jezi! Amèn.

### ETID KONPLEMANTÈ

Sòm 13:1-6

### 365 JOU DEFI LEKTI LABIB

Lekti jodiya se: Egzòd 5:10-8:15

[www.goodnewsdailydevotional.com](http://www.goodnewsdailydevotional.com)



Lendi, 20 Janvye

## TOUT SAW DWE FÈ SE MANDE

Jan 14:13-14

**Tou sa n'a mande nan non m', m'a fè l' pou nou, pou Pitit la ka fè wè pouvwa Papa a. Nenpòt kisa n'a mande nan non m', m'a fè l' pou nou.**

Bote Ekriti jodiya soti nan siyifikasyon pwofon li genyen. Lèl di 'mande,' li pa vle di priye pou Bondye aji. Okontré, li vle di nesesite, rekèt, resevwa, oubyen mande saw anvi ki rive! Lèw fè fas ak maladi, pa enkyetew; di, « Nan non Jezi, mwen reklame gerizomm. » Lèw manke lajan, pa kriye tankou moun ki pa kwè. Okontré, di, « Nan non Jezi, mwen resevwa richès mwen! »

Menm jan timoun apwoche ak konfyans kot paran yo pou mande dènye jwèt ki soti nan magazen, san ke yo pa pè yon refi, apwoche Bondye epi reklame nenpòt saw bezwen. Li pi renmen e pi kapab ke yon bann paran devwe e eksperimente. Bondye vle edew; tout sa dwe fè se mande.

### DEKLARASYON PWOFETIK

Mwen reklame restorasyon nan kwen lavim, paske Bondye banm tout bagay an abondans poum jwi. Mwen dekrete e mwne declare ke mwen mache nan pwovizyon divin ak sante pafèt. Pa otorite non Jezi, mwne kòmande chak bezwen nan vim konble e chak sam dezire ki an akò ak Bondye akonpli! Amèn!

### ETID KONPLEMANTÈ

1 Korint 3:21-23

### 365 JOU DEFI LEKTI LABIB

Lekti jodiya se: Egzòd 8:16-11:10

[www.goodnewsdailydevotional.com](http://www.goodnewsdailydevotional.com)



Madi, 21 Janvye

## RETE NAN LI

### Jan 15:4

Se pou n' fè yonn ak mwen, menm jan mwen fè yonn ak nou. Yon branch pa ka donnен pou kont li si l' pa fè yonn ak pye rezen an. Konsa tou, nou p'ap kapab donnен si nou pa fè yonn ak mwen.

Lide kew dwe rete nan Kris pou mèvèy kontinye reyalize nan viw la koni tout kote nan mond la e yo repetel souvan, alòske anpil pa konprann poukisa oswa kòman sa ap fêt. Rezon pou sa senp: lèw se yon pitit Bondye, ou prepare pouw fè siksè. Bib la di nou ke pou sa yo ki gen konfyans nan Li, tout bagay ap travay ansanm pou byen yo!

Sa vle di lèw devye de vwa Bondye nan laviw, ou retire tèt ou nan favè san limit Li te plase sou ou nan moman ou te fêt ankò. Ou te fêt pouw pote fwi! Lèw te kite wayòm tenèb la, ou te adopte yon lavi an mòd fasil!  
**RETE NAN LI!**

## DEKLARASYON PWOFETIK

Jodiya pral yon jou pou pote fwi. Kris viv nan mwen; kijanm ka pa fleri epi miltipliye? Mwen dekrete ak deklare ke tout sektè nan vim ranpli ak pwodiktivite divin. Panse, aksyon ak pawòl mwen yo alinye ak volonté Bondye, yo pwodui rezulta abondan. Pwodiktivite, vini KOUNYE A nan non Jezi! Amèn.

### ETID KONPLEMANTÈ

Ròm 8:28

### 365 JOU DEFI LEKTI LABIB

Lekti jodiya se: Egzòd 12:1-14:20

[www.goodnewsdailydevotional.com](http://www.goodnewsdailydevotional.com)



Mèkredi, 22 Janvye

## LIMEN LIMYÈ A ANKÒ

Sòm 119:105

Pawòl ou se yon chandèl ki fè m' wè kote m'ap mete pye m', se yon limyè k'ap klere chemen mwen.

Mond la plonje nan gwo tenèb e pou plizye milyon moun nan mond la, li trè fasil pou yo santi yo san espwa. A travè bib la, Pawòl Bondye dekri tankou yon limyè, sa vle di ke kòm pitit Bondye, ou pa dwe janm pèmèt tèt ou afekte pa santiman ensètitid. Lèw santiw manke direksyon nan viw oubyen wap ere tankou avèg, se bon moman pouw limen limyè a ankò! Anpil pwoblèm wap fè fas nan vi a yo sòti nan pa pran tan pouw pèmèt limyè Pawòl Bondye gidew. Kite Pawòl Bondye a sèvi GPS ou pouw ka navege atravè twoub vi sa a. Pèmèt pouvwa transfòmatif ki nan Pawòl Li a trase yon kat pou avniw jodiya!

### DEKLARASYON PWOFETIK

Vi mwen gen direksyon; mwen pa ka janm pèdi! Mwen limen tout limyè nan lavim nan aplike Pawòl Bondye. Mwen deklare ke pa mwen yo gide ak sajès divin, e wout mwen klere ak verite Bondye. Chak defi jwenn ak solisyon divin, e tout konfizyon ranplase pa klète. Mwen mache nan konfyans fèm, paskem konnen Pawòl Bondye ap toujou gidem. Mwen chase tout fòm fènwa kap menase kay mwen nan non Jezi! Amèn.

### ETID KONPLEMANTÈ

Sòm 18:28

### 365 JOU DEFI LEKTI LABIB

Lekti jodiya se: Egzòd 14:21-17:16

[www.goodnewsdailydevotional.com](http://www.goodnewsdailydevotional.com)



Jedi, 23 Janvye

## BÈL SENFONI

Lik 22:32

**Men, mwen lapriyè pou ou, Simon, pou konfyans ou nan Bondye pa febli. Ou menm, lè wa tounen vin jwenn mwen, bay frè ou yo fòs.**

Yon òkès se yon gwo koleksyon enstriman ki tipikman konpoze de seksyon kòd, kwiv, bwa ak pèkisyon kote ke plis pase san mizisyen ka kolabore ansanm. Alòske chak enstriman gen son ak ton pa yo, yo rasanble ansanm pou bay yon bél senfoni! Tankou yon òkès, nan krisyanis jodiya, bouje an fwon ini kont fòs dyab la nan mond sa a vrèman vital.

Kòm pitit Bondye, pa sèlman rekonèt plan Bondye pou viw, men rekonèt tou plan Bondye pou tout kretyen ki bò kotew. Vèsè piwo a enfòme nou ke lèw priye pou frè ak sè nan Kris yo, sa gen pisans pou fòtifye! Nan peryòd fend è tan sa, sonje pouw ankouraje lòt yo nan lafwa yo. Fonksyone toutan nan lespri inite ak lanmou pou sa yo ki bò kotew jodiya, menm lè misyon yo diferan de misyon paw!

## DEKLARASYON PWOFETIK

Mwen konprann wòl mwen nan bél senfoni sa! Map priye pou kretyen tout kote nan mond lan fonksyone an toutan ak plan Bondye pou tout kò Kris la! Mwen deklare ke nou ini, nou fò e nou gen viktwa, nap travay ansanm poun akonpli pwojè Bondye sou Latè. Ansanm, nou ranfòse glwa Li e nou pote limyè Li a nan tout kwen fènwa nan mond lan. Alelouya!

## ETID KONPLEMANTÈ

1 Korint 12:12-13

## 365 JOU DEFI LEKTI LABIB

Lekti jodiya se: Egzòd 18:1-21:21

[www.goodnewsdailydevotional.com](http://www.goodnewsdailydevotional.com)



Vandredi, 24 Janvye

## RESEVWA LIMYÈ POUW GRANDI

Sòm 119:130

Esplikasyon nou jwenn nan pawòl ou klere lespri nou. Yo louvri lespri moun ki san konprann yo pou yo konprann.

Eleman fondamantal ki fè yon plant grandi se limyè! Imagin mèvèy fotosentèz : yon plant pran diyoksid kabòn ki genyen nan lè ak nan dlo ki nan tè a, epi, ak èd limyè solèy la, li transfòme eleman sa yo an sik ak oksijèn. Sik la nouri plant la, e alimante kwasans li, alòske oksijèn nan lage nan lè a, poul pèmèt respirasyon ke nou bezwen an.

Bay viw ak Kris se fondasyon ak semans pou siksè, e menm jan ak yon plant, sèl chans ou pou grandi se resevwa limyè! Pandan wap li Ekriti yo, limyè ki nan Pawòl la ap rantre nan lespriw, pou koze kwasans ki nesesè nan viw. Antanke kreyen, rekònèt jodiya pouvwa ki gen nan Pawòl Bondye a pou chanje lavi epi eksperimente kwasans ou pat jamn konnen avan.

## DEKLARASYON PWOFETIK

Ane Kasè Chenn nan se ane pam poum konnen yon kwasans espirityèl serye. Mwen profetize piwo nivo kominyon ak Bondye nan non Jezi! Mwen dekrete e deklare ke Pawòl Bondye klere wout mwen, e mwen grandi nan sajès, fòs ak gras. Lesprim nouri, e vim transfòme ak limyè Pawòl la. Alelouya!

## ETID KONPLEMANTÈ

Sòm 119:105

## 365 JOU DEFI LEKTI LABIB

Lekti jodiya se: Egzòd 21:22-25:9

[www.goodnewsdailydevotional.com](http://www.goodnewsdailydevotional.com)



Samdi, 25 Janvye

## PWOKRASTINASYON PWODUI ESTAGNASYON

Jak 4:17

Se poutèt sa, moun ki pa fè byen li konnen li gen pou l' fè a, li fè peche.

Pwokrastinasyon bloke benediksyonw! Wap sèvi yon Bondye aksyon, e antanke ptit Li, ou paka pèmèt tèt ou tonbe anba atak enmi yo senpman paskew pa fè aksyon lè Bondye relew pouw aji! Nan vèsè jodiya, Ekriti a ale trè lwen poul di lèw konnen pouw fè sak bon epiw pa fèl, se yon peche!

Chak jeneral nan labib la rekoni nan syèl yo jis paske yo te chwazi aji sou sa Bondye te rele yo pou yo ye. Èskew ka imajine tout konsekans yo si David te pwokrastine anvanl te touye Goliath? Oubyen si Moyiz pat janm kite Lejip, e li te kite Izrayelit yo pi lontan nan esklavaj? Inaksyonw ka mennen ak estagnasyon pa sèlman pou ou men pou tout yon kominate! Bondye te metew bon kote pouw reyisi; se ou ki deside siw pral aji ou non. Li lè pouw aji sou pwofesi ane sa; kraze tout fòm pwokrastinasyon epi estagnasyon va disparèt nan lè a.

### DEKLARASYON PWOFETIK

Jodiya, map fè tout sa Bondye te dim fè. Avèk gras Li, mwen resevwa kapasite poum poze aksyon desiziv. Se poutèt sa, mwen kraze tout chenn pwokrastinasyon e mwen avanse nan asirans ak lafwa. Mwen pap sispann fè bon bagay, epi mpap tolere estagnasyon nan lavim kounye a! Amèn.

### ETID KONPLEMANTÈ

Esdras 10:4

### 365 JOU DEFI LEKTI LABIB

Lekti jodiya se: Egzòd 25:10-27:21

[www.goodnewsdailydevotional.com](http://www.goodnewsdailydevotional.com)



Dimanch, 26 Janvye

## POUKISA WAP RELEM NAN?

Egzòd 14:15-16

Seyè a di Moyiz: -Poukisa w'ap rele konsa nan zòrèy mwen? Di moun pèp Izrayèl yo pou yo leve mache. Ou menm, leve baton ou lan. Lonje men ou sou lanmè a, fann li de bò. Konsa, moun pèp Izrayèl yo va mache nan mitan lanmè a tankou sou tè sèk.

Pi gwo pwoblèm ak plizyè milyon kreyen se ke yap tann Bondye fè yon bagay pou yo, poutan li te kite ba yo tout resous ki nesesè pou fè Pawòl li a travay nan vi yo! Lè sikorans yo pa bon, anpil moun rele Bondye pou dil de bagay tankou, "O Senyè, mwen nan pwoblèm. Tanpri kase chenn sa yo pou mwen!" Poutan Li gadew an retou epi Lap mande poukisaw pa itilize pwofesi li te baw pou ane sa.

Moyiz te rive devan lanmè wouj e li tap gade dlo yo devan li ak Ejipsyen yo dèyèl e li te kòmanse rele Senyè a. Bondye te reponn li, « Poukisa wap relem? Fann lanmè a! » Bondye te konnen ke pouwva li te bay Moyiz la te ase pou te bal viktwa. Se Moyiz ki potko mache nan reyalite sa. Pa tann Bondye aji; Lap tann ou pouw aji sou Pawòl li al!

## DEKLARASYON PWOFETIK

Mwen asime otoritem ak asirans e mwen declare jodiya 'Jounen Mache Pou Pi Devan.' Ak pouwva Bondye ki avèm, mwen depase chak obstat e mache nan viktwa. Jwèt la kòmanse, e mwen pwofetize yon viktwa klè! Alelouya.

## ETID KONPLEMANTÈ

Lik 10:19

## 365 JOU DEFI LEKTI LABIB

Lekti jodiya se: Egzòd 28-29

[www.goodnewsdailydevotional.com](http://www.goodnewsdailydevotional.com)



Lendi, 27 Janvye

## CHANJÈ DESTINE KI PA JANM CHANJE A

Jak 1:17

Tout pi bèl favè, tout pi bon kado nou resevwa, se anwo nan syèl la yo soti, nan men Bondye ki kreye tout limyè. Bondye pa janm chanje, ni li pa gen anyen ki ta ka sanble yon chanjman nan li.

Avantaj nimewo en ou genyen kòm pitit Bondye sou sa yo ki nan mond la se sekirite gras ansanm ak lammou li pou ou! Nap viv nan yon tan kote ke dyab la ap travay san rete poul eseye anpeche moun kite wayòm tenèb la pou yo rantre nan Wayòm limyè a. Kounye a plis ke jamè, mond la nan yon eta enstabilite konstan, sòti nan ekonomi ki ap chanje pou rive nan gouvènman yo ki ap tonbe.

Malgre sa, Ekriti yo montre nou ke Bondye nap sèvi a se yon chanjè destine ki pa janm chanje. Nan vèsè piwo a, yo prezantel kòm Bondye ki pa chanje tankou lonbraj ap chanje! Kòm pitit Bondye, rekonèt ke Bondye metew nan yon plas solid, epi nati enstabilite mond la se pa nati paw!

### DEKLARASYON PWOFETIK

Bondye se yon chanjè destine ki pa janm chanje! Nan Kris, mwen solid, plante nan ladwati. Pa gen okenn twoub ke mond la ap fè fas ak yo ki gen fòs ase pou fè mwen ak fanmi mwen mal. Mwen dekrete e mwen declare ke lavim ankre nan pwomès Bondye yo ki pa chanje, e mwen mache nan lapè ak estabilite divin. Alelouya!

### ETID KONPLEMANTÈ

Ezayi 54:14

### 365 JOU DEFI LEKTI LABIB

Lekti jodiya se: Egzòd 30-32

[www.goodnewsdailydevotional.com](http://www.goodnewsdailydevotional.com)



Madi, 28 Janvye

## PLIS PASE ALABRI BAL

### Ezayi 43:2

Lè n'ap pase sou lanmè, m'ap kanpe la avèk nou. Lè n'ap janbe gwo dlo, dlo a p'ap bwote nou ale. Lè n'ap mache nan mitan dife, dife p'ap boule nou. Flanm dife a p'ap fè nou anyen.

Kòm pitit Bondye vivan, ou plis pase alabri bal! Ou te separe de tout danje nan mond sa e plase nan yon pozisyon kote ke anyen paka fèw mal. Lèw mache nan reyalite sa, laperèz pap janm detwi oubyen febli pouvwa Bondye nan laviw. Sa se asirans Bondye pou pwoteksyonw!

Menm nan mitan kriz finansye, povrete pap ka touchew! Menm nan mitan lapès oubyen maladi mòtèl, ou iminize. Menm chenn ki pi di yo paka reziste ak abilitew pou kase chenn. Se lavi sa Bondye vle pou ou, yon vi ki anlè sikorans yo. Bondye toujou avèw, mache nan reyalite sa jodiya; ou PLIS PASE ALABRI BAL!

### DEKLARASYON PWOFETIK

Mwen plis pase alabri bal! Asirans Bondye pou pwoteksyon, sante, ak pwosperitem nan Pawòl Bondye ki pafè. Okenn zam paka fèm mal paske Bondye vivan avèm. Mwen dekrete e mwen deklare ke map mache nan iminite divin, e chak menas kont mwen anile. Mwen pran plezi nan tout sikorans, epi favè Bondye ki pap janm fini antourem. Alelouya!

### ETID KONPLEMANTÈ

Sòm 23:4

### 365 JOU DEFI LEKTI LABIB

Lekti jodiya se: Egzòd 33:1-35:29

[www.goodnewsdailydevotional.com](http://www.goodnewsdailydevotional.com)



Mèkredi, 29 Janvye

## ABIYE POU PI BON

**Galasi 3:26-27**

**Se paske nou gen konfyans nan Jezikri kifè nou se ptit Bondye. Nou tout, nou te resevwa batèm pou n' te ka viv ansanm ak Kris la, nou mete sou nou kalite ki nan Kris yo.**

Nan yon mond chaje ak kreyatè ki ap vann bèle bagay, rad byen chè, mete ak gwo enflyans modèl yo genyen sou kilti pop jodiya, kòm pitit Bondye, eskew ka di ak konfyans ke wap travay sou 'pandri lafawaw' plis ke sou pandri ou genyen isiba sou Latè? Vèsè jodiya di ke ou abiye nan pandri gramoun lafwa kise lavi Kris la! Kòm kwayan, ou dwe viv yon vi sanktifye. Lèw abiye tout bon nan ladwati, sa parèt evidan nan fasonw abiye oubyen parèt devan lòt moun ak nan fason wap mennen tèt ou, nan konvèrsasyonw yo, pawòl wap pale ak sa wap fè lè pèsòn pap gade. Lèw abiye ak lavi Kris, tout zafèw se pou Kris!

Lèw te vin fèt ankò, ansyen laviw la te ranplase ak lavi Papa nan ou. Tout ou menm te anvayi ak lavi Bondye. Lè wap mache, li ta dwe Kris kap mache. Lè wap pale, li ta dwe Kris kap pale. Poukisa? Paskew abiye nan Lavi Li!

### DEKLARASYON PWOFETIK

Mwen abiye nan ladwati! Lavim se pou Kris. Chak aspè nan egzistans mwen te ranpli ak nouvo lavi Bondye vivan. Mwen mache ak pale tankou Kris, mwen pwopaje lanmou, sajès ak pouvwa Li. Mwen se yon temwayaj vivan de gras Li! Amèn.

### ETID KONPLEMANTÈ

Ròm 13:14

### 365 JOU DEFI LEKTI LABIB

Lekti jodiya se: Egzòd 35:30-37:2

[www.goodnewsdailydevotional.com](http://www.goodnewsdailydevotional.com)



Jedi, 30 Janvye

## TOUT MÈVÈY LATÈ

Sòm 139:14

M'ap fè lwanj ou, paske ou pa manke fè bèle bagay. Tou sa ou fè se bèle bagay. Mwen konn sa byen.

Montay ki piwo yo afiche kapasite Bondye pou kreye bagay ki pi grandyoziyo. Montay Evrès atenn plis pase 29000 pye otè. Forè Amazòn, ki chaje ak biyodivèsite e konpleksite, gen plizyè milye bèt, ki montre kapasite Li pou fè yon bagay pwospere an abondans. Sèvo lòm pou kont li gen 86 bilyon newòn ki konekte antre yo ak plizyè trilyon sinaps. Tou sa montre pouwva Bondye ki tèlman briyan ke menm pi bon syantifik la paka refèl ankò.

Pwòp vi paw se yon prèv sou jan Kreyatè a renmen detay. Bondye mete vale sou lavi; Bib la relew yon kreyati ki fèt ekstraòdinè e tèrib. Kòm pitit Bondye, pa janm pèmèt bagay tankou fèb estim pèsonèl chanje moun Bondye relew pouw ye a. Tout mèvèy ki sou Latè pa rive nan otè valè Bondye plase sou ou. Aprann mache nan reyalite de kiyès ou ye nan Kris jodiya, epi ou pral wè kasè chenn ki nan ou a byen devlope!

### DEKLARASYON PWOFETIK

Pami mèvèy ki pigwo nan mond la, mwen se sa Bondye fè ki pi bon an. Mwen konn ki valè Li plase sou vim; poutèt sa, siksè jodiya garanti. Echèk pa gen plas nan vim. Mwen mache nan favè divin e benediksyonm paka bloke. Mwen se chedèv Bondye, e mwen reflete glwa Li nan tout sa map fè. Echèk? Ki kote? Kòman? Alelouya!

### ETID KONPLEMANTÈ

Jeremi 32:17

### 365 JOU DEFI LEKTI LABIB

Lekti jodiya se: Egzòd 38:1-40:16

[www.goodnewsdailydevotional.com](http://www.goodnewsdailydevotional.com)



Vandredi, 31 Janvye

## KOUVRI PA GRAS

**2 Timote 1:9**

Se Bondye ki delivre nou, se li menm ki rele nou pou n' ka viv pou li. Li pa t' fè sa pou nou poutèt byen nou te fè. Non, sa soti nan plan travay li menm. Se yon favè li fè nou nan Jezikri, depi lontan anvan li te kreye tout bagay.

Gras Bondye metew apa! Li pote lonè, dinyite, ak libète nan laviw. Lèw se yon benefisyè gras Bondye, ou libere de chenn peche ak kilpabilite! Nan moman ou te deside kite wayòm tenèb la epi rantre nan repo etènèl ki nan Jezikris la, ou te kouvri pa gras! Lèw konnen gras Bondye sifi pou ou, ou pap janm ka fristre ak defi lavi yo.

Gras se yon teknoloji lespri ki devlope pou asire ke siksèw ak sisksè antouraj ou garanti. Menm gras sa ap leve byen fò nan ou poul koze tout chenn maladi, povrete, negativite, depresyon, divòs, elatriye, BRIZE nan non Jezi! Sonje, ane sa espesyalman prepare pou ou, kasè chenn; kounye a reyisi.

## DEKLARASYON PWOFETIK

Ame ak gras Bondye, map kite lakay mwen jodiya ak yon pigwo e pi bon vèsyon de mwen. Gras Bondye voyem nan nivo ki piwo e louvri pòt opòtinite yo pou mwen. Mwen se yon vesò pouvwa Li, ki kraze tout baryè e akonpli bagay ekstraòdinè. Mwen pral fè eksplwa pou Wayòm nan ane sa nan non Jezi! Amèn.

## ETID KONPLEMANTÈ

Ebre 4:16

## 365 JOU DEFI LEKTI LABIB

Lekti jodiya se: Egzòd 40:17-38; Levitik 1-4

[www.goodnewsdailydevotional.com](http://www.goodnewsdailydevotional.com)



Samdi, 1 Fevriye

## PÈSEPSYON SE REYALITE

**Pwovèb 23:7 (KJV)**

**Jan I panse nan tèt li a, se konsa I ye. L'ap di ou: Manje non monchè!  
Bwè non! Men se pa ak tout kè I l'ap di ou sa.**

Ou ka abitye tandem pawòl sa: Pèsepsyon son reyalite. Jan w panse bagay yo nan kèw, detèmine atitud ou devan bagay sa yo e atitud ou detèmine altitud ou. Lemond ka gen pwoblèm ekonomik epi moun ap kriye moman difisil. Ou ka chwazi se youn nan moun kap kriye yo. Konsa tou, ou ka fè pati tigwoup moun ki wè opòtinite nan moman sa yo epi kap pwofite anpil nan yo. Pandan pandemi KOVID-19 la, anpil moun ki tap soufri poutèt yo te pèdi lajan poutan yo te miltipliye richès yo. Kijan ou wè bagay sa oumenm?

Pawòl Bondye di: jan w panse nan kè w la, se konsa w ye. Lavi fizik ou eksprime panse w. Si w pa vle I jan I ye a, Jodi a se jou pou w koumanse panse jan w vle ye a. Ou se achitèk lavi w. Koumanse panse ou se yon moun beni epi talè konsa, wap koumanse mache nan benediksyon. Wap koumanse wè opòtinite kote lòt moun ap di bagay yo pa bon menm. Wap leve nan yon lòt nivo nan non Jezi sovè nou ki gen tout pouvwa a.

## DEKLARASYON PWOFETIK

Mwen se yon siksè. Mwen leve pi wo pase pwoblèm yo menm jan èg vole pi wo pase loraj yo. Mwen kapitalize sou opòtinite mwen wè yo nan non Jezi. Amen

## ETID KONPLEMANTÈ

Matye 19:26

## 365 JOU DEFI LEKTI LABIB

Lekti jodiya se: Levitik 5-7

[www.goodnewsdailydevotional.com](http://www.goodnewsdailydevotional.com)



Dimanch, 2 Fevriye

## LIBÈTE POU ADORE

**Jan 4:23 (KJV)**

**Men, lè a rive, e li rive deja: kote tout vrè adoratè ye pral adore papa nan lespri ak verite: Paske se moun sa yo Bondye vle pou sèvi l.**

Nou souvan ap mande Bondye fè sesi sela pou nou, e lè nou gade pawòl la, nou wè gen yon bagay papa ap chèche. Li se Bondye ki konnen e ki ka fè tout bagay la, li se alfa ak omega. Poutan, li kite yon vid nan li ke sèl adorasyon w ka konble. Lè w rete san w pa adore l, ou prive l de sal te dezire pandan w tap tann li satisfè dezi w paw.

Lè Senyè nou Jezikrite mouri pou nou sou lakwa, vwal kite separe nou de sen des sen an chire en de, pou l ban nou aksè dirèk ak papa a. li fè sa posib pou nou vin moutre lanmou nou pou li.

Mete sousi ak ajitasyon mon lan akote pou w adore wa dè wa tandé. Pase bon kalite tan ap adore l san w pa mande l anyen. Pa okipe w de ki kote w ye, Dispoze lespri w pou l adore kèlkeswa kote w ye. Pwofite privilèj Bondye ba w pou bal pi bèl adorasyon an jodiya.

## DEKLARASYON PWOFETIK

Pandan m fikse je m sou twòn nan, map adore Senyè a toutan pou tout sal fè. Pèsepson mwen genyen de li agrandi nan lavi mwen, li pi gwo pase nenpòt defi mwen ka kontre. Nan non Jezi! Amèn.

## ETID KONPLEMANTÈ

Ebre 4:16

## 365 JOU DEFI LEKTI LABIB

Lekti jodiya se: Levitik 8:1-11:8

[www.goodnewsdailydevotional.com](http://www.goodnewsdailydevotional.com)



Lendi, 3 Fevriye

## ANTRE NAN REPO L

Ebre 4:11 (KJV)

An nou travay pou nou rantre nan repo sa, okenn nan nou pa dwe tonbe nan menm koze enkredilite sa a.

Lè wap li pawòl Bondye, pa prese. Pran tan w pou kite pawòl la koule nan ou. Pawòl jodi a di nou, sèl travay nou gen pou n fè se rantre nan Kris la. Depi w fin rantre nan li, ou benefisyé lagras kòm kado, e sa baw pouvwa pou w fè tou bagay selon lafwa w. Ou pap bezwen fè gwo batay ankò non paske se gras la ki pral travay pou ou. Sa se bòn nouvèl nap preche ! Apòt Pòl di nou li travay plis pase lòt apòt yo, men se pa limenm ki travay konsa, se gras la ki travay nan li (1 Korint 15 :10).

Jezi Senyè nou di nou, pote fado yo ba li epi lap bann repo (Matye 11:28). Sispenn goumen non, sispann fòse pwòp tèt paw. Pawòl la di si nou pa rantre nan repo senyè a, nap fini tankou moun ki te peri nan dezè a paske yo pat kwè nan apwi Senyè a. Pa swiv egzanp moun sa yo tandem. Lage fado w yo bay Senyè a, kwè nan li epi kite l pran swen w. Lap veye sou ou, ou mèt rilaks ou sou li.

### DEKLARASYON PWOFETIK

Map sispann eseye fè tout bagay poukонт mwen. Mwen depoze fado m yo devan Senyè m nan, Jezi Kris. Mwen rantre nan repoli bay la; Sentespri sipòte tout sa map fè. Amèn.

### ETID KONPLEMANTÈ

2 Korint 3:5

### 365 JOU DEFI LEKTI LABIB

Lekti jodiya se: Levitik 11:9-13:39

[www.goodnewsdailydevotional.com](http://www.goodnewsdailydevotional.com)



Madi, 4 Fevriye

## DÈNYE SISTÈM OPERASYON AN

Ròm 12:2 (KJV)

Piga nou konfòme nou ak monn sa a, men se pou nou transfòme ak renouvèlman panse nou, pou nou kapab moutre volonte Bondye ki bon, akseptab, e pafè.

Èske w te telechaje dènye pi bon lojisyèl ki sòti a? Kominikasyon ak sèvè santral la rapid tankou zèklè e l dirèk. Li kapab fèt atravè yon liy ouvè, men li pi bon, pi efikas lè w itlige yon liy chifre (pale en lang).

2 Korint 5:17 (KJV) di ke si yon moun vin nan Kris la, li se yon kreyati nouvo; tout ansyen bagay yo vin pase, paske tout bagay vin nouvo nan li. Vil vin tankou yon òdinatè ki fèk netwaye. Kounye a, ekriti pou jodi a di nou gen yon transfòmasyon ki bezwen fèt, yon pwosesis metamòfoz tankou fason lav yo tounen yon bèle papiyon. Chanjman sa ap rive nan renouvèlman lide w. Lèw aksepte fèt yon nouvèl fwa, lespri w vin sanble ak dènye sistèm operasyon ki telechaje a. Menm jan ak yon òdinatè, lojisyèl la dwe telechaje pou l fonksyone. Pwosesis enstalasyon an se renouvèlman panse w, kap pote yon transfòmasyon nan panse w. Plis ou etidye liv operasyon an, pi vit pwosesis transfòmasyon an ap fèt.

## DEKLARASYON PWOFETIK

Pawòl la ap transfòmem e reveyem nan novo reyalite ak kapasitem yo nan Jezi Kris. Mwen pa janm ka desann nan non Jezi! Amèn.

## ETID KONPLEMANTÈ

2 Korint 3:18

## 365 JOU DEFI LEKTI LABIB

Lekti jodiya se: Levitik 13:40-14:57

[www.goodnewsdailydevotional.com](http://www.goodnewsdailydevotional.com)



Mèkredi, 5 Fevriye

## KALME W

### Mak 4:39 (KJV)

Epi li leve, li kòmande van an, epi li di lanmè a, Lapè, kalme w. Epi van sispann, konsa te vin genyen yon gwo kalmi.

Anpil kalite tanpèt ka leve nan laviw ankò e ankò, doktè ka bay yon rapò ki di li wè kansè, konsa tou yo ka deside metew deyò nan travay la. Ou ka vin tonbe ba nèt, ou ka tonbe nan depresyon e ou ka menm tanmen blame Bondye paske li elwayew.

Senyè Jezi te ban nou yon egzanp pafè sou fason pou nou reyaji nan sitiyasyon tanpèt sa yo. Bib la di vag yo bat sou bato a jiskaske li te plen, men Senyè a te dòmi byen vit jiskaske yo te reveye ! Li leve, fre, kalm epi li louvri bouch li, li kòmande sa li te vle wè! Olye pou w ap tranble oswa kriye, ou dwe leve epi konfronte tout sitiyasyon ki eseye egzalte tèt li pi wo pase konesans Bondye a. PALE nan pozisyon otorite ou genyen nan Kris la epi kòmande lapè ak lòd pou yo retabli nan lavi w ak nan kominote w. Lèw konnen ki moun ou ye nan Kris la, w ap TOUJOU gen lapè nan ou, kèlkeswa tanpèt ki bò kotew yo, sa fè li vin fasil pou w kòmande lapè nan lavi w kèlkeswa tanpèt ki ka prezante.

### DEKLARASYON PWOFETIK

Pandan m'ap leve jodi a, Mwen reprimande tout van k'ap soufle kont mwen. Mwen kòmande lapè nan chak sitiyasyon. Lavim ranpli ak lapè nan non Jezi! Amèn.

### ETID KONPLEMANTÈ

Filip 4:6-7

### 365 JOU DEFI LEKTI LABIB

Lekti jodiya se: Levitik 15:1-18:18

[www.goodnewsdailydevotional.com](http://www.goodnewsdailydevotional.com)



Jedi, 6 Fevriye

## SIMATIK ESPIRITYÈL

**1 Korint 14:10 (KJV)**

**Genyen, pètèt, anpil vwa nan mond lan, okenn nan vwa sa yo pa san siyifikasyon.**

Pa gen okenn son ki san sans. Chak mo ou pwononse gen yon efè, kit se pozitif oswa negatif, kit se saw te vle di ou pa; pawòl ou yo mete bagay yo an mouvman nan mond lespri a epi yo manifeste nan lavi ou. Kote w ye Jodi a se rezulta pawòl ou te konn pale anvan yo.

Simatik se etid vizibilite fizik son ak vibrasyon. Gade yon nich myèl; chak selil li gen yon fòm egzagònal pafè e yo anpile ansanm pou efikasite yo. Myèl yo pa gen zouti, men yo fè yon jan kanmenm. Simatik montre ke vibrasyon son pwodui differan modèl. Kòm myèl vole, yo tout pwodui son buz sa a, ki rezone nan menm frekans e ki an retou pwodui modèl nich sa nou konnen an. Kounye a banm diw, si myèl yo ka bati kay yo ak son yo pwodui a, e oumenm ki se yon kretyen, ou ne de novo, ou ranpli ak Lespri, ou pale an lang e ou gen pawòl labib la? Gade, ou se achitèk lavi w tande; savledi, si ou pa renmen jan lavi w ye a, ou ka kòmanse pwodwi son ki pou kreye lavi ou vle wè a!

## DEKLARASYON PWOFETIK

Mwen se achitèk lavi m. Mwen kreye lè m pale. Mwen deklare sante divin nan kò mwen, mwen deklare prosperite nan lavi mwen; mwen deklare lapè ak lajwa nan lavi mwen nan non Jezi. Amèn.

## ETID KONPLEMANTÈ

Pwovèb 18:21

## 365 JOU DEFI LEKTI LABIB

Lekti jodiya se: Levitik 18:19-21:24

[www.goodnewsdailydevotional.com](http://www.goodnewsdailydevotional.com)



Vandredi, 7 Fevriye

## ANT YON WÒCH E YON ESPAS DI

### Travay 16:25-26 (KJV)

Epi a minui, Pòl ak Silas tap priye, yo tap chante pou adore Bondye: lòt prizonye yo te tande yo. Bridsoukou, gen yon gwo tranbleman tè ki fèt, fondasyon prizon an te souke; epi menm kote a, tout pòt prizon an te louvre epi chenn tout prizonye yo te vin lache.

Lè w retrouve w kwense and yon wòch e yon espas di, epi ou pa wè kote pou soti, lèw eseye tout bagay men tout espwa sanble pèdi, swa doktè yo di nou pa ka fè anyen ankò, swa propriyetè kay ap vin frape nan pòt ou pou mande w peye lwave, pa gen okenn espwa ki rete.

Gade kisa Pòl ak Silas te reponn apre yo te dezabiye yo, bat yo anpil, jete yo nan prizon epi anchene yo ak chenn an fè. Yo te koupab paske yo tap fè travay Bondye. Oly yo te chita plenyen, yo te kòmanse priye ak adore Bondye! Lèw trouve w nan yon sitiasyon konplike sa, tout sa w dwe fè se ri, kenbe jwa w devan advèsite, epi chante pou w adore Bondye tou puisan an. Menm miray Jeriko te tonba devan gwo adorasyon. Mwen diw sa, rejwi tande, fè satan kouri epi oumenm pran plezi w.

### DEKLARASYON PWOFETIK

Mwen pap janm ka echwe, mwen pap ka desann anba nonplis. Mwen ri devan advèsite paske Bondye avèm, mwen leve anwo nan non Jezi!

### ETID KONPLEMANTÈ

Jozye 6:20-21

### 365 JOU DEFI LEKTI LABIB

Lekti jodiya se: Levitik 22-23

[www.goodnewsdailydevotional.com](http://www.goodnewsdailydevotional.com)



Samdi, 8 Fevriye

## PA GEN TRANBLE

1 Piè 5:8 (KJV)

Se pou w sob, se pouw vijilan; Paske advèsè w la, satan, lap riji siw konn ou Lyon, lap promennen, poul chèche kilès lap jwenn pou I devore.

The enemy takes advantage of you being bankrupt of information about Ènmi an jwenn avantaj lè w pa gen bon enfòmasyon sou kilès ou ye nan Kris. Lèm te piti, mwen sonje mwen te konn fè jwèt ak lòt timoun kote youn ap eseye afè lòt pè. Se konsa satan aji. Li fè kòmsi I se yon Lyon pou I wè sil ka ebranlew. Li ka vini sou fòm rapò doktè bay, kote li diw : a! pitit wap pote a pap ka viv non, osinon li ka diw : demand viza w la refize tande, li jis ap chèche wè kouman w reyaji. Siw pa konnen kisa pawòl la di nan sitiayson w lan, la pral plan plizil avèw.

Se pou sa pawòl di nou se pou nou sob, se pou nou vijilan. Fòk ou rete sou gad ou toutan pou w pa janm bal okazyon favorab pou I vin jwe avè w. se nan manje pawòl la wap ka fè sa. Jodi a, nouri w ak pawòl la tande epi pa jamm neglige vi de priyè. Konsa, menm lè ènmi an jete pi bon ji a, wap ka jis ri pandan w sou wout labank pou w al kach chèk papa Bondye te ekri ou a.

## DEKLARASYON PWOFETIK

Mwen plante solidman nan Kris, ròk solid la. Mwen pap ni tranble, ni twouble devan pwoblèm, nan non Jezi! Amen.

## ETID KONPLEMANTÈ

2 Timote 1:7

## 365 JOU DEFI LEKTI LABIB

Lekti jodiya se: Levitik 24:1-26:13

[www.goodnewsdailydevotional.com](http://www.goodnewsdailydevotional.com)



Dimanch, 9 Fevriye

## REVEYE JEYAN KI NAN OU A

Ròm 8:19 (KJV)

Paske, gen yon seri kreyasyon kap tann manifestasyon pitit Bondye yo.

Mwen vle ou wè nan Resansman 13:23 li di, “Epi yo rive nan ravin Echkòl la, yo koupe yon branch nan yon sèl grap rezen, epi yo pote l a yo de sou yon baton.” Èske se pa yon bèle bagay jan pitit Anak yo, jeyan yo, te rive devlope teknik pou yo jwenn dlo pou yo te fè de rezen tèlman gwo ke pou pote yon grap, yo te bezwen de gason ak yon baton? Paske rejyon sa a vreman, vreman sèk!

Kounye a, ekriti prensipal pou jodi an di nou tout kreyasyon an jis ap tann pou w reveye ak pouvwa kreyatif ou genyen an. Ou dekouvri kijan pou fè ak kijan ou ka manipile anviwònman w pou w pwodwi mensi kondisyon yo sanble pa favorab. Ou wè, tout kreyasyon an déjà gen enstriksyon pou tandé vwa w. Lap tann enstriksyon nan men w. Se konsa, reveye jeyan ki nan ou a epi pale ak eleman ki a dispozisyon w yo pou w pwodwi sa ou vle. Menm zanj yo ap tann kòmandman w yo paske, dapre Ebre 1:14, yo voye yo pou sèvi w!

### DEKLARASYON PWOFETIK

Jeyan ki nan mwen an reveye; Latè ap pwodui pou mwen. Mwen gen trè bon rezulta, kèlkeswa kondisyon mwen trouvem nan, nan non Jezi!

### ETID KONPLEMANTÈ

2 Korint 5:17

### 365 JOU DEFI LEKTI LABIB

Lekti jodiya se: Levitik 26:14-27:34; Resansman 1:1-41

[www.goodnewsdailydevotional.com](http://www.goodnewsdailydevotional.com)



Lendi, 10 Fevriye

## VI EKSTRAVAGAN

**Jan 10:10 (KJV)**

**Lè yon vòlè vini, se pou vòlè, se pou touye ak detwi. Mwen menm, mwen vini pou yo ka gen lavi, epi pou yo ka genyen li an abondans.**

Gade ekriti sa a; Senyè Jezi pat kab prezante yon imaj ki pi vivan ke imaj sa. Dyab la vini poul detwi tout bagay, epi poul touye ou, men Senyè a te soufri nan plas nou pou nou pa viv yon lavi konsa konsa, men pou nou ka gen lavi an abondans. Li vle nou gen yon lavi ekstravagan!

Ou dwe konprann ke Senyè a vle ou genyen sa ki meyè pou lavi w. Epi sa ki pi bon nan sa, sèke li deja peye pri pou sa. Men sa Bib la di: "Okenn je pa t wè, ni zòrèy pa t tande bagay li te pare pou moun ki renmen l yo" (1 Korint 2:9). Mezanmi, kòmanse dekouvri richès ou nan Kris la atravé pawòl la! Chèche, epi wap jwenn. Se tankou lachas pou trezò, epi Pawòl la se kat trezò a. Antre nan Pawòl la jodi a epi chak jou, answit reyalize ke Bondye te beni w ak tout bagay ki gen rapò ak lavi epi ak dinivite, kidonk ou pa dwe janm manke okenn bon bagay nan lavi w.

## DEKLARASYON PWOFETIK

Mwen se yon siksè! Liy yo tonbe pou mwen nan kote ki agreyab. Epi wi, mwen gen yon bon eritaj nan non Jezi! Amen.

## ETID KONPLEMANTÈ

Pwovèb 10:22

## 365 JOU DEFI LEKTI LABIB

Lekti jodiya se: Resansman 1:42-3:32

[www.goodnewsdailydevotional.com](http://www.goodnewsdailydevotional.com)



Madi, 11 Fevriye

## DOULÈ PA FÈW VIN PI FÒ

Matye 7:24-27 (KJV)

...Yon nonm ki gen bon konprann ki te bati kay li sou wòch: epi lapli tonbe, inondasyon vini, van soufle, e yo tout te frape kay sa a; Men, kay la pat tonbe, paske li te bati sou wòch. Epi tout moun ki tande pawòl mwen yo, epi ki pa fè yo, yap sanble ak yon moun sòt, ki te bati kay li sou sab: lapli tonbe, inondasyon vini, van soufle, epi yo te frape kay sa a; Li tonbe. Tout pati nan kay la te kraze.

Yo toujou di : doulè fèw vin pi fò. Non, li pa fè sa vre. Nou sot li ke tanpèt la te vini, li frape kay la ki te bati sou wòch la ak kay ki bati sou sab la. Si objektif la se te ranfose, Lè sa a, tou de kay yo ta dwe kanpe fò apre tanpèt la. Olye de sa, sa ki te bati sou sab la tonbe.

Tanpèt nan lavi a pa vin fèw pi fò; yo vin teste ki jan fondasyonw ye nan Kris! Èske konfesyonw ap chanje lè yo revokew nan travay ou oswa lè wap fè fas ak degèpisman oswa lè yon moun ou renmen mouri? Èske wap toujou ap chante Iwanj, oswa ou pral enève? Tcheke tèt ou epi chita sou Pawòl la.

## DEKLARASYON PWOFETIK

Mwen tankou yon kay ki bati sou wòch. Kris la se wòch solid mwen sou li mwen kanpe byen fèm. Mwen p'ap janm deplase nan non Jezi!

## ETID KONPLEMANTÈ

Galasi 4:19

## 365 JOU DEFI LEKTI LABIB

Lekti jodiya se: Resansman 3:33-5:22

[www.goodnewsdailydevotional.com](http://www.goodnewsdailydevotional.com)



Mèkredi, 12 Fevriye

## GRAS KAP VIV NAN YON SITWAYEN

### Galasi 2:16 (KJV)

Kòm nou konnen yon moun pa jistifye gras a zèv lalwa a, men gras a lafwa nan Jezikri, nou menm tou, nou te kwè nan Jezikri, pou nou kapab jistifye gras a lafwa Kris la, se pa gras a zèv lalwa a. Paske, zèv lalwa apa ka jistifye pesonn.

Kòm yon sitwayen nan nasyon w ap viv nan, gen yon kòd konduit kap tann kèk bagay de ou. Gen règ ak règleman ki pral rankontre ak kèk konsekans, jan otorite kap gouvène yo deside sa, siw vyole nenpòt nan yo. Men, ou vin sou mòn Siyon an, epi wap viv dapre yon seri règ diferan!

Depi moman ou te fèt nan syèl la, ou te transfere de wayòm fènwa a wayòm limyè a. Isit la, ou pa travay pou lalwa jistifye w. Ou pa kapab! An royalite, Lalwa te vini pou pwouve w ke ou pa t kapab. Ou mouri anba Lalwa, epi lavi wap viv kounye a, wap viv li gras a lafwa Kris la! Kounye a ou anba Gras, ou pa anba lalwa! Sa a se bon nouvèl nap preche a!

### DEKLARASYON PWOFETIK

Mwen krisifye ak Kris la. Poutan m ap viv. Men, se pa mwen menm kap viv la, se Kris kap viv nan mwen, epi lavi map viv la, map viv gras ak lafwa Bondye nan non Jezi!

### ETID KONPLEMANTÈ

Galasi 3:10-14

### 365 JOU DEFI LEKTI LABIB

Lekti jodiya se: Resansman 5:23-7:59

[www.goodnewsdailydevotional.com](http://www.goodnewsdailydevotional.com)



Jedi, 13 Fevriye

## **JEYAN (JUGGERNAUT) ESPIRITYÈL**

### **1 Korint 2:16 (KJV)**

Paske, ki moun ki konnen lide Seyè a pou l' vin bal direksyon? Men, nou gen lespri Kris la.

Ekriti sa a se yon bèl bagay lè w ap eseye konprann sa y ap di la a. Li kòmanse ak kesyon an, "Ki moun ki te konnen lide Seyè a? Kijan yon moun ka konnen lide Kris la, Sila a ki te kreye tout bagay ni sak vizib, ni sak envizib?"

Men, pa bloke nou sou pwen kesyon an paske li kontinye pou di ke nou gen lespri Kris la! Siw pa kriye alelouya byen fò pou sa, mwen pa konn kisa ki ka fè w rele alelouya. Imagine byen sa, ou gen Lespri Senyè a nan ou. Ou genyen I deja. Ou pa etidye lespri Kris la pou w ka konprann li, non. Kounye a, w ap etidye I pou w konnen potansyèl ou genyen an epi pou w sèvi avè I. Imagine lespri ki te kreye Syèl la ak Latè a pati de anyen an, Sila a ki te mache sou dlo a, ki te louvri je avèg, ki te chase demon yo, ki te leve mò yo, ak anpli lòt bagay ankò — espri sa a nan ou. Reveye w non reyalite sa a epi ou pral yon fòs irézistibl, yon jeyan espirityèl!

### **DEKLARASYON PWOFETIK**

Mwen gen lespri Kris la. Mwen reveye nan reyalite sa a. Mwen se yon fòs irezistib. Mwen kraze nenpòt defi oswa obstak ki kanpe nan wout mwen nan non Jezi!

### **ETID KONPLEMANTÈ**

Ezayi 55:8-11

### **365 JOU DEFI LEKTI LABIB**

Lekti jodiya se: Resansman 7:60-10:10

[www.goodnewsdailydevotional.com](http://www.goodnewsdailydevotional.com)



Vandredi, 14 Fevriye

## YON KÈ ANJWA

### Pwovèb 17:22 (KJV)

**Yon kè kontan se yon bon bagay menm jan ak yon medikaman, men yon lespri abati seche zo.**

Èske w te konnen ke ou mache ak tout yon sistèm medikal nan kò ou? Tout sa ou bezwen toujou la avèk ou—menm gerizon pou nenpòt maladi imajinab. Kidonk vrè kesyon an se, èske ou malad? Labib di nou ke ri se pi bon medikaman an. Men, sa a se pa sèlman nenpòt kalite ri; se ri ki gen pou wè ak lajwa Seyè a. Kalite lajwa sa a pa depann de sa kap pase bò kote w, li soti nan lespri Bondye ki nan ou a.

Bib la di tou: “Lajwa Senyè a se fòs mwen.” (Neyemi 8:10). Ou jwenn fòs ou nan lajwa ki soti nan Seyè a. Li di tou: “toujou fè kè nou kontan nan Senyè a, epi ankò map di nou: Fè kè nou kontan” (Filip 4:4). Twòp fwa, Bib la di nou pou nou pa enkyete nou, pou nou rejwi paske sa enpòtan pou byennèt nou. Li literalman tankou medikaman.

Dyab la konnen depi li rive koupe kè kontan w, lap tou retire fòs ou. Rete fèm non sou pwomès Bondye yo, toujou rejwi, epi wap toujou gen lapè ki depase tout konpreyansyon pandan kòw ap restore!

## DEKLARASYON PWOFETIK

Lajwa Senyè a se fòs mwen. Pa gen anyen nan monn sa a ki kab retire lajwa mwen. Kò m vin rajeni pandan map rejwi nan Senyè a. Alelouya!

### ETID KONPLEMANTÈ

1 Tesalonik 5:16

### 365 JOU DEFI LEKTI LABIB

Lekti jodiya se: Resansman 10:11-13:16

[www.goodnewsdailydevotional.com](http://www.goodnewsdailydevotional.com)



Samdi, 15 Fevriye

## DEKLARE PAWÒL LAFWA SOU TÈT OU

**Filemon 1:6 (KJV)**

Konsa, pawòl lafwa ou deklare yo ap vin pi efektik akòz konesans ou genyen de tout bon bagay ou genyen nan Jezi Kris.

Li bon pouw pran yon tan regilye pou pale ak tèt ou. Ou se alafwa pwòp kotch tèt ou, jwè laviw ak moun kap ankouraje tèt ou. Di tèt ou souvan : mwen se yon siksè, mwen rich, mwen gen sante divin, mwen se yon bon afè!

Ekriti sa a vrèman enpòtan, li mande pouw bal anpil atansyon. Li di nou ke komunikasyon lafwa w vin efikas lè w rekonèt e w gen konesans konplè sou tout bon bagay ki deja nan ou nan Jezikri. Rete avèm yon minit. Mo 'kominikasyon' sa a se koinonia, ki vle di : amitye, patisipasyon, entimite. Mo 'efektif la' se energës, ki vle di yo dwe ranfòse. Epi anfen, mo 'rekonèt' se epignòsis, ki se konesans revelasyon konplè epi egzat. Nan lòt mo, lafwa ou rantre an aksyon lèw rekonèt konplètman sa ki deja nan ou akòz nan nouvèl nesans lan.

Kidonk, kòmanse di tèt ou sa Pawòl la di sou ou konsènan yon bagay an patikilye. Gade tèt ou nan glas epi di tèt ou ke ou gen lespri Kris la, lespri estratejis ekstraodinè a; ou pap janm ka echwe nan kèlkeswa sa w mete nan tèt ou!

### DEKLARASYON PWOFETIK

Mwen rekonèt tout bon bagay mwen genyen nan Kris la, epi map egzèse lafwa mwen avèk kran. Mwen pale angran; Mwen mache angran paske mwen gran nan non Jezi!

### ETID KONPLEMANTÈ

Filip 4:8-9

### 365 JOU DEFI LEKTI LABIB

Lekti jodiya se: Resansman 13:17-15:21

[www.goodnewsdailydevotional.com](http://www.goodnewsdailydevotional.com)



Dimanch, 16 Fevriye

## SE TAN POU RASANBLE KOLEKSYONW

Pwovèb 13:22 (KJV)

Yon bon moun kite yon eritaj pou pitit pitit li yo, epi richès moun k'ap fè sa ki mal yo sere pou moun ki jis.

Pati ekriti sa a desine yon bèl foto, men an menm tan, li parèt konplike pou moun sa yo ki apenn ka jere mizè yap viv ladann lan, genyen ki pa menm ka rive jere mizè a. Ki gason, ki fanm ki pa ta renmen kalifye de bon moun epi asire yo ke pitit ak pitit pitit yo pap janm nan goumen pou yo viv?

Bib la pa janm kòmanse sa li pa ka fini. Menm pasaj sa a di nou ke richès moun ki mechan se pou moun ki jis! Ou te jistifye lè ou te resevwa Kris la, se konsa richès moun mechan yo se pou ou yap sanble yo. Ale non, soti ak tenasite bouldòg yo pou al reklame epi jwenn sa ki pou ou kòm pitit Bondye.

Peyi Wa ki nan syèl la soufri vyolans, epi vyolan yo pran li pa fòs (Matye 11:12). Se konsa, pa chita ap tann transfè richès la tonbe sou ou. Fè tèt ou yon go-getter, pran lari a epi kòmanse mete pyèj pou kolekte richès ki te deja dispoze ap tann. Fè biznis oswa yon bagay pouw ka kolekte richès ou yo.

### DEKLARASYON PWOFETIK

Kòm yon pitit Bondye, mwen egzèse dwa mwen epi mwen enskri pou pi gwo transfè richès la. Biznis mwen an ap fleri. Nouvo e anpil lajan ap vini nan non Jezi!

### ETID KONPLEMANTÈ

2 Wa 7:5-8

### 365 JOU DEFI LEKTI LABIB

Lekti jodiya se: Resansman 15:22-16:50

[www.goodnewsdailydevotional.com](http://www.goodnewsdailydevotional.com)



Lendi, 17 Fevriye

## YON VIL SOU YON MONTAY

**Matye 5:14 (KJV)**

Nou se limyè mond lan. Yon vil ki chita sou yon tèt mòn pa ka kache.

Ou ka sezi e menm plenyen ke moun toujou bezwen pou w rezoud pwoblèm yo, prete yo lajan oswa mande konsèy alòske ou deja gen ase pwoblèm paw pouw rezoud.

Mwen vle ou gade dezyèm pati vèsè a jodi a. Li konpare nou ak yon vil ki plase sou yon montay ki pa ka kache. Ou wè, ou pa ka kache lè benediksyon Bondye yo kòmanse manifeste nan lavi ou. Li menm di, "Kite pwofi ou parèt devan tout moun!" (1 Timote 4:15). Yon vil fonksyone tankou yon sant biznis, yon sous pou bezwen chak jou, elatriye. Moun vwayaje nan vil pou yo vin chèche lavi. Ou wè ki kote sa prale?

Pa sezi lè moun vin chèche èd nan men w; ou tankou yon vil pou yo lè ou konekte nan Kris la, ki se sous prensipal limyè nou ak mwayen pou nou viv. Yo wè ou kòm yon sant solisyon, Degaje w pou w se Jozèf fanmi w epi dirije yo pou yo soti nan povrete!

### DEKLARASYON PWOFETIK

Mwen se limyè mond lan. Mwen se yon sant solisyon. Se mwen menm ki mennen jenerasyon mwen an soti nan povrete, epi yo pral vin konnen Bondye m ap sèvi a gras a sa yo temwen nan lavi m nan non Jezi!

### ETID KONPLEMANTÈ

Jan 7:38

### 365 JOU DEFI LEKTI LABIB

Lekti jodiyia se: Resansman 17-20

[www.goodnewsdailydevotional.com](http://www.goodnewsdailydevotional.com)



Madi, 18 Fevriye

## LACH FINAL LA

**Lik 12:33 (KJV)**

Vann sa nou genyen an, bay chamòt. Bay tèt nou valiz ki pa twò ize, yon trezò nan syèl la ki pa manke, kote vòlè, ni kòripsyon pa ka vini.

Gade sa: nou gen aksè a pi gwo bank lan, epi li proteje de resesyon! Li gen tout gwo teknoloji, dènye modèl sekirite ke okenn vòlè pa oze kase. Nan ane 2008, mond lan te fè eksperyans yon gwo resesyon epi moun te pèdi anpil byen e menm ekonomi yo te gen labank te afekte.

Men nou menm, nou pa nan mond sa a. Nou gen aksè privileje nan enstitisyon finansye selès la ki an sekirite e ki sere trezò nou yo - Trezò ki nan Syèl la gras ak sa nou bay travay Wayòm nan. Se yon envèstisman ki gen gwo rekompans e ki garanti sekirite nou de tout sa kap devore. Non sèlman nou gen gwo rekompans, men kè nou rete atache ak trezò nou ki nan syèl la. Sa vle di nou otomatikman bay Bondye kè nou ak tout trezò nou. Kounye a, lè kè w avèk Bondye, sa fè li aji yon fason ki depase imajinasyon w. Konsa, kiltive fason sa pou wsere trezò ou nan syèl la!

### DEKLARASYON PWOFETIK

Mwen se yon manm Bank syèl la ki gen kat platinòm; Mwen toujou ap fè depo; bay se kilti mwen; Mwen se yon moun ki adikte ak Wayòm nan, epi retrè mwen yo pa gen limit, nan non Jezi! Amèn.

### ETID KONPLEMANTÈ

2 Korint 9:7-8

### 365 JOU DEFI LEKTI LABIB

Lekti jodiya se: Resansman 21-23

[www.goodnewsdailydevotional.com](http://www.goodnewsdailydevotional.com)



Mèkredi, 19 Fevriye

## TOUNEN YON BENEFISYÈ PAWÒL LA

**2 Timote 2:15 (KJV)**

**Etidye pou w montre Bondye apwouve w, yon ouvriye ki pa bezwen wont, epi kap byen ddechifre pawòl la verite a.**

Antanke yon pitit Bondye, ou imedyatman vin yon sitwayen wayòm Siyon an. Wayòm sa a tèlman fonksyone dapre pwòp seri règ li ke Bib la di moun ki pa sitwayen yo pa konprann anyen nan sa. Sa vle di, gen anpil bagay pou aprann sou nouvo Wayòm sa a.

Menmsi li enperatif pou nou aprann kòd konduit la pou nou pwofite anpil avantaj ki genyen ladan I, nou gen devwa tou pou nou byen konnen prensip Wayòm nan, fason I fonksyone, e poukisa li nesesè pou nou se yon sitwayen ladan I. Konesans sa yo ap pèmèt ou pataje mesaj moman an epi defann lafwa ou kote li rankontre defi. Depi jou ou te resevwa Senyè Jezikri a, ou te tou vin yon kandida pou travay ale nan mond lan. Kidonk, li nesesè pou w etidye Pawòl la epi montre w kòm yon moun ki konnen Pawòl la. Pandan w ap fè sa, wap tou dekouvrir pouvwa ki nan ou!

### DEKLARASYON PWOFETIK

Mwen se yon entelektyèl nan Pawòl la. Mwen gen rapidite pou m konprann Pawòl la ak yon gwo kapasite pou m pale ak moun mwen pataje Bòn Nouvèl la. Pandan map apwofondi nan Pawòl la, teritwa mwen ap elaji nan non Jezi!

### ETID KONPLEMANTÈ

2 Timote 4:2

### 365 JOU DEFI LEKTI LABIB

Lekti jodiya se: Resansman 24:1-26:34

[www.goodnewsdailydevotional.com](http://www.goodnewsdailydevotional.com)



Jedi, 20 Fevriye

## SESYON POU METE W APA

**Matye 14:23 (KJV)**

Lè li voye foul moun yo ale, li moute sou yon mòn apa pou lapriyè.  
Lè solèy fin kouche, li te la pou kont li.

Pandan tan sèvis Senyè Jezi nan mond lan, wap remake ke souvan, li te konn metel apa, yon fason poul jwenn lapè ak trankilite poul ka pase tan nan lapriyè. Li te retire tèt li nan ajitasyon ak anpil mouvman moun ki te alantou li ye pou li te kapab rechajel. Li te konn retounen ak pouvwa, pou fè de mirak ridikil, pou chase demon yo, e menm pou pou kòmande tanpèt yo

Konbyen fwa ou rechaje lespri ou, siw konn fè sa? Moman sa yo kote wap fratènité trankilman ak Sentespri a enpòtan anpil pou kwasans espirityèl ou ak konesans ou nan li. Mwen pa pale de tan lapriyè kote wap mande Bondye yon pakèt bagay. Mwen pale de tan kote w ou jis ap devlope amitye avec Sentespri. Sòm 46:10 di, "Rete trankil epi konnen se li ki Bondye." Ou vin vlope ak yon kalite lapè ki depase konpreyansyon nan pwen lè ou soti, ou ka kòmande anviwònman ou rete a paske ou pral mete sak nan ou deyò menm jan Seyè Jezi te kalme tanpèt la. Ba tèt ou objektif pou ou souvan gen sesyon apa pou w priye Senyè a.

### DEKLARASYON PWOFETIK

Mwen kòmande lapè ak kalm nan lavim. Kèlkeswa dezòd ki ozalantou mwen, mwen rete fèm, anrasinen nan Pawòl Bondye a, ak enèji nan pouvwa Sentespri a!

### ETID KONPLEMANTÈ

1 Korint 14:2-4

### 365 JOU DEFI LEKTI LABIB

Lekti jodiya se: Resansman 26:35-28:31

[www.goodnewsdailydevotional.com](http://www.goodnewsdailydevotional.com)



Vandredi, 21 Fevriye

## DEKRETE VOLONTE BONDYE

### Travay 12:5 (KJV)

Se poutèt sa, yo te kenbe Pyè nan prizon, men legliz la tap lapriyè Bondye pou li san rete.

Lè Bondye te kreye Adan, li te ba li tout pouvwa pou l dirije e pou l te gen dominasyon sou tout bagay nan monn sa. Apre sa, lè Senyè Jezi vini li di, yo ban mwen tout pouvwa nan syèl la ak sou latè. Lè sa a, li ban nou misyon pou nou ale nan tout mond lan, e li ban nou tout pouvwa sou ènmi an pou nou soumèt li.

Nan sa ki konsène Bondye, li ban nou tout pouvwa ak otorite nou bezwen poun domine nan monn sa a. Si w li kèk vèsè anvan, w ap wè Ewòd te fèk touye Jak epi apresa li te deplase pou lal arete Pyè pou l te ka touye l annapre. Fwa sa a Legliz la leve, li tonbe priye san rete. Yo te egzèse responsabilite yo pou yo priye epi etabli volonte Bondye sou sitiasyon an. Ou gen responsabilite pou dekrete volonte Bondye. Menm jan legliz la te lapriyè e te deklannche fòs syèl la pou l te sove Pyè nan prizon, priye epi dekrete fòs syèl la nan lavi w.

### DEKLARASYON PWOFETIK

Mwen dekrete e mwen deklare volonte Bondye sou lavi mwen. Mwen egzèse otorite mwen pou m domine nan chak domèn nan lavi m. Mwen deplwaye zanj pou pote gerizon nan kò mwen epi pou pote resous finansye ban mwen nan non Jezi! Amèn.

### ETID KONPLEMANTÈ

Ebre 1:14

### 365 JOU DEFI LEKTI LABIB

Lekti jodiya se: Resansman 29:1-31:47

[www.goodnewsdailydevotional.com](http://www.goodnewsdailydevotional.com)



Samdi, 22 Fevriye

## PREMYE LANMOU

**Revelasyon 2:4 (KJV)**

**Men, mwen gen yon bagay kont ou, paske ou te kite premye lanmou ou.**

Èske w konnen li trè fasil pou w tèlman okipe nan fè travay Bondye ke w neglige Bondye wap travay pou li a? Ou ka menm konvenki ak fyè ke ou se yon bon sèvitè Bondye, ou toujou planifie aktivite legliz la yo, ou antre nan kominote yo, ou vizite granmoun yo ak òfelen yo, ou sèvi nan legliz ak anpil lòt bagay ankò.

Men, nou jwenn yon pèspektiv nan fason Bondye sa nan pasaj ekriti sa a. Li felisite gwo travay legliz la ap fè men li montre byen vit gwo defo nan jan legliz la ap mache avèk Senyè a. Li di, “Ou blyie m ‘, premye renmen ou lan!” Imagine sa, Seyè a li menm li di, “Ou te blyiem, tounen non.” Èske ou menm sonjel ounenm, oswa ou sonje sèlman ti mennaj ou te genyen an?

Jodi a, dirije kèw sou li ankò; tounen nan premye fason ou te renmen lan. Aprann renmen kèl ankò pandan wap adorel. metew apa san bri mond lan pouw ka pase bon tan de kalite avèk li nan lapriyè. Jodiya, pran tan pou w fè zanmi avè l.

## DEKLARASYON PWOFETIK

Jodi a mwen direje kè m ankò nan direksyon Bondye mwen. Mwen reangaje m epi reyafime lanmou mwen pou Wa dè wa a. Mwen mare m ak li, e mwen konnen jan I renmen m anpil! Amèn.

## ETID KONPLEMANTÈ

2 Istwa 7:14

## 365 JOU DEFI LEKTI LABIB

Lekti jodiya se: Resansman 31:48-33:56

[www.goodnewsdailydevotional.com](http://www.goodnewsdailydevotional.com)



Dimanch, 23 Fevriye

## BOULDOZÈ A

**Travay 17:28 (KJV)**

Paske nan li n'ap viv, n'ap deplase, Nou egziste. jan kèk nan powèt nou yo te di tou, paske nou menm to, nou se desandan li.

Anpil fwa, kretyen yo viv yon lavi difisil, yo siviv, yo kraze, yo lite, yo degoute. Ou ka menm tande yon moun di, "Jan bagay yo ye la, mwen pa ka plenyen." Oswa ou mande moun nan ki janl ye, epi li reponn, "Pa pi mal." Si ou pap fè sak mal, sèke wap fè sak byen... se pa yon krim, ni vante tèt siw byen oswa siw di ou byen.

Antouka, ann ale nan sijè a. Sispenn ale nan sans mond lan paske nou pa moun mond lan. Sispenn rete anba sikonsans yo. Reveye moun ou ye a ak moun ki posedew la tande. Gade ekriti jodiya: "Paske nan li nou viv, nou deplase, nou egziste." Nou egziste nan Kris. Frèm ak sèm yo, ou nan pi gran bouldozè a, ou ka brize tout gwo sitiayson sanw pa menm transpire. Lè ènmi an panse li bloke ou, oswa ekonomi mondal an bès oswa lòt pandemi rive... ou iminize kont tout bagay sa yo akoz pozisyon w nan Kris. Sa se yon ekriti ou bezwen medite jiskaske li vin reyalitew. Ou pral kriye, rele, kouri sou yon miray, nan Non Jezi!

### DEKLARASYON PWOFETIK

Mwen envensib, enkasab! Kèlkeswa sa ki kanpe nan wout mwen, mwen kontinye avanse, kraze tout obstak ki devan mwen paske mwen nan Kris Jezi, Wa mwen an. Alelouya!

### ETID KONPLEMANTÈ

Jan 15:4-5

### 365 JOU DEFI LEKTI LABIB

Lekti jodiya se: Resansman 34-36; Deteronòm 1:1-15

[www.goodnewsdailydevotional.com](http://www.goodnewsdailydevotional.com)



Lendi, 24 Fevriye

## JWÈ KI GEN PLIS VALÈ (MVP)

Travay 9:36-40 (KJV)

Te gen yon disip laval Jope, ki te rele Tabita, sa vle di Dòkas. Li te konn fè anpil bon zèv ak li te konn ede moun anpil tou. Epi, yon jou konsa, li te malad epi li te vin mouri. Men, Pyè mete tout moun deyò, li mete ajenou, li lapriyè. Epi li vire bò kote kò a, li di: Tabita, leve! Epi, li louvri je I : lè li wè Pyè, li chita.

Pa egzanp, nan Lig Foutbòl Nasyonal la (NFL), gen yon prim prestijye yo rekonèt kòm Prim Jwè ki gen plis valè (MVP), Se jwè ki bay pi gwo pèfòmans la yo bay li. Jwè sa yo resevwa yon gwo chèk salè, epi valè yo ogmante pou lòt salè kap vini ankò.

Kounye a, gade Dòkas. Li te tonbe malad epil mouri, ekip li a pat dakò separe ak li konsa, yo te rele Apot Pyè poul vin resistitel. Eske yo te ka di sa pou ou? Jodiya, fè efò non pouw vin yon Dòkas nan fanmiy ou, nan legliz ou, ak nan depatmanw lan. Fè moun konnenw pou saw konn bay ak saw konn fè. Konsa, pandan valèw nan Wayòm nan ap ogmante, wap garanti avniw tou, e menm lanmò pap gen dwa touchew.

## DEKLARASYON PWOFETIK

Jodi a mwén antre nan yon pwosesis pou m vin yon Dòkas nan mond pa mwén. Mwen endispansab e iranplasab nan travay mwen. Poutèt sa, avni mwen twò briye nan Non Jezi!

## ETID KONPLEMANTÈ

Travay 10:1-4

## 365 JOU DEFI LEKTI LABIB

Lekti jodiya se: Deteronòm 1:16-3:29

[www.goodnewsdailydevotional.com](http://www.goodnewsdailydevotional.com)



Madi, 25 Fevriye

## VEYE SOU FRÈ OU

Ebre 10:24-25 (KJV)

Epi youn bezwen gen konsiderasyon pou lòt pou nou ka ankouraje lanmou ak bon zèv. Pa abandone asanble nou, jan anpil moun konn fèl; Men, an nou youn egzòte lòt epi fè lòt bon bagay ankò:plis nou wè lafen an ap pwoche.

Moun souvan pale de presyon zanmi ak kòlèg yo nan yon fason negatif, men ekriti jodi a ankouraje nou enfliyanse ak ankouraje youn lòt pou eksprime lanmou nou epi pou enpakte pozitivman kèlkeswa kote nou ye. Bib la di: "Fè file fè, se konsa yon moun file kalite zanmi I genyen" (Pwovèb 27:17).

Se poutèt sa li enpòtan anpil pou w fè pati yon Gwoup, Yon gwoup moun ki gen menm lide a, ou panse ak pawòl la epi ou mete I an pratik nan anviwònman sa. Pa egzanp, ou li pawòl ki pale de gerizon, wal priye pou malad yo epi ou retounen pou pataje rezulta ou yo. Pasaj la kontinye pou di nou youn ankouraje lòt pou pa rate legliz! Banm mande w, kiyès w ap rele pou ankouraje I pa rate sèvis legliz la jodi a? Veye sou frè w tandé; chèche gen nouvèl yo.

## DEKLARASYON PWOFETIK

Mwen se gadyen frè m nan. Mwen ankouraje frè ak sè m yo pou yo rive jwenn pi gwo wotè ak pwofondè nan Kris la, menm jan yo ankouraje m tou, nan Non Jezi! Amèn.

## ETID KONPLEMANTÈ

Travay 2:46-47

## 365 JOU DEFI LEKTI LABIB

Lekti jodiya se: Deteronòm 4:1-6:15

[www.goodnewsdailydevotional.com](http://www.goodnewsdailydevotional.com)



Mèkredi, 26 Fevriye

## YON EKSPLWA EKSTRAÒDINÈ

Danyèl 11:32 (KJV)

Moun kap fè mechanste kont kontra a, flatè ap detwi yo. Men moun ki konn Bondye yo byen, yap vin fò epi yap fè gwo eksplwa.

Dapre estanda mond lan, konesans se pouvwa epi yo peye moun pou sa yo konnen nan domèn yo. Pawòl nou sot li a di nou, moun ki konnen Bondye yo ap fò; yo pral vin tounen jeyan espirityèl epi yo pral fè eksplwa! Bib la byen chwazi mo yo nan tèks sa. Li di explwa, sa vle di bagay ekstraòdinè!

Nivo sa yo fasil pou atenn lè w vin konnen Pawòl Bondye. Lè w tchek dosye li depi nan kòmansman jiska lafen, wap reyalize ke li pa janm pèdi okenn batay. An reyalite, ou pral wè Bib la se yon koleksyon istwa moun ki te kanpe kont li epi ki te pèdi batay la klè. Ame w ak dosye sa, ou ka aksepte nenpòt defi akòz ou konnen moun kap bakòp ou a janm pèdi batay. Ou pral fè ènnmi w yo pè, wap tounen yon limyè nan mond lespri a tankou Pòl, menm moun ki gen move lespri a te konfese, "nou konn Pòl" (Travay 19:15). Fouye pi fon epi aprann konnen Bondye w la pa revelasyon, epi wap wè sa wap jwenn pou fèt Nwèl la!

### DEKLARASYON PWOFETIK

Pandan map fouye pi fon nan konesans Bondye m ap sèvi a, m ap vin pi fò. Kapasite m pou m fè bagay ekstraòdinè ap ogmante nan Non Jezi! Amèn.

### ETID KONPLEMANTÈ

Ebre 13:5-6

### 365 JOU DEFI LEKTI LABIB

Lekti jodiya se: Deteronòm 6:16-9:21

[www.goodnewsdailydevotional.com](http://www.goodnewsdailydevotional.com)



Jedi, 27 Fevriye

## SISTÈM LAN KONTWOLE

**2 Korint 5:7 (KJV)**

Paske, nou mache ak lafwa, se pa ak sa nou wè.

Mach nou nan mond sa a tèlman kontwole nan avantaj nou ke li pa ekitab pou lènmi an! Pawòl nou sot li a di : mou mache ak lafwa, pa ak sa nou wè, se vre wi, paske moun jis pral viv ak lafwa. Men, gen yon lòt bagay: paske w anba ministè pwofetik sa a, wap mache nan yon anviwonman pwofetize. Teknikman, ou pa mache avèg nan yon avni enkoni; non, mwen gentan mache nan tout ane a e m wè li bon epi gen pwosperite kap tann nou.

Lè w konekte avè m, ou patisipe nan favè Bondye sou lavi m nan. Ou gen aksè a tout sa ou wè nan lavi m. Kòmsi sa pa ase, tout kreyasyon resevwa lòd pou tande vwa w epi obeyi kòmandman w yo. Lè w plante yon semans, li pwograme pou miltikiye. Menm jan an tou, vwa ou pwograme pou kreye sa ou pale. Se konsa, di m, ki jan ou ka echwe le tout bagay déjà pwograme pou reyisit ou.

### DEKLARASYON PWOFETIK

Apati jodi a, mwen itilize tout avantaj mwen genyen a dispozisyon mwen. Pwofèt Uebert Angel se avantaj mwen. Pandan mwen fè patenarya avè I, map patisipe nan favè ki sou lavel. Mwen pwodui menm rezulta li pwodui nan Non Jezi! Glwa pou Bondye.

### ETID KONPLEMANTE

Filip 1:7

### 365 JOU DEFI LEKTI LABIB

Lekti jodiya se: Deteronòm 9:22-12:32

[www.goodnewsdailydevotional.com](http://www.goodnewsdailydevotional.com)



Vandredi, 28 Fevriye

## KWÈ NAN PWOSESIS LA

Ebre 4:11 (KJV)

Se poutèt sa, annou travay pou nou antre nan repo sa a, pou okenn moun pa tonbe nan menm egzanz enkredilite a.

Depi lontan, wap kondwi machin manyèl sa a kote ou te oblige dirije, chanje angrenaj, fren, ak akseleratè. Bridsoukou, ou reveye ak yon dimansyon benediksyon Bondye, epi kounye a ou gen yon Cybertruck Tesla. Machin sa a kondwi tèt li pandan ou chita dèyè a wap bwè te. Nan kòmansman, sa pral yon defi paske ou pral anvi fè sa ou te konn abitye fè yo.

Se konsa, pawòl jodi a di nou pou nou travay pou nou antre nan repo li a. Travay ou bezwen fè a se libere lespri w nan eseye fè sa ki byen, eseye viv dwat, pou w kanpe nan dwa ou deja genyen nan Bondye. Yo di nou pou nou reveye nan sa Senyè a te fè pou nou, travay nou gen pou nou fè se senpleman repoze nan li epi pwofite gras li te ban nou an. Lè ou antre nan repo li a, se pa ou menm kap fè travay la ankò, men Gras Bondye a ap travay atravè ou nan fason ki pral soufle panse w. lè sa a, se yon bon nouvèl!

### DEKLARASYON PWOFETIK

Jodi a, mwen sispann e mwen kite zafè fè bagay ak kapasite mwen. Mwen antre nan repo li a. Tout sa mwen fè depi kounye a se ak pouvwa Sentespri a, nan non Jezi! Amèn.

### ETID KONPLEMANTÈ

Filip 2:13

### 365 JOU DEFI LEKTI LABIB

Lekti jodiya se: Deteronòm 13:1-16:8

[www.goodnewsdailydevotional.com](http://www.goodnewsdailydevotional.com)



Samdi, 1 Mas

## YON RANKONT

**Travay 9:3 (KJV)**

**Antan l' te sou wout la, prêt pou rive lavil Damas, li rete konsa yon limyè soti nan syèl la, li klere tout kote l' te ye a.**

Mwen toujou etone lèm yon bann moun ap vin nan ministè nou an. Genyen ki sot nan peyi ke li menm difisil pou mwen poum eple oubyen pwononse non yo. Lèm gade tout sa, pansem retounen nan jou sa kotem te tande vwa Bondye sòti nan yon pye pomye sovaj. Mwen te fè rankont sa lèm te yon jenn tigason nan zòn ki pi lwen nan Zimbabwe yo rele Chivamba. Sa fè, tout pakèt moun sa yo kap vin nan ministè nou an se pwodui rankont sa.

Ou bezwen sèlman yon rankont! Apot Pòl te di ke li pa kapab nye vizyon an. Fòs san parèy vizyon an se pi gwo sous motivasyon pou ministè li. Yon sèl rankont sou wout pou Damas te chanje tout bagay. Pandan wap li mesaj pwofetik sa, se pwòp rankont paw jodiya. Bliye tout enkyetid, peche, erè ak enkapasite yo. Bondye ap ekipew pou grandè, e avèk Li, anyen pa enposib nan non Jezi.

### DEKLARASYON PWOFETIK

Jodiya se jou rankont mwen. Lavim totalman chanje. Pa gen estagnasyon, erè oubyen anbarasman ankò nan non Jezi tou pisan! Amèn.

### ETID KONPLEMANTÈ

Sòm 126:1

### 365 JOU DEFI LEKTI LABIB

Lekti jodiya se: Deteronòm 16:9-19:21

[www.goodnewsdailydevotional.com](http://www.goodnewsdailydevotional.com)



Dimanch, Mas 2

## FÈT NAN SIYON

Sòm 87:5 (KJV)

Lè moun ap pale sou mòn Siyon an yo di: -Yo rele l' manman, paske se la yo tout fèt. Se Bondye anwo nan syèl la ki mete l' kanpe.

Anpil moun mete echèk yo sou do orijin fanmi yo ak liy san yo. Poutan, gen yon nouvo reyalite ki poko rантre nan panse yo. Bib la di ke moun ki nan Wayòm nan yo fèt nan Siyon. Sètifikasi nesans ou ka di ou te fèt nan tèl ou tèl vil oubyen vilaj, men sa pa vle di anyen paske nouvo moun ou ye a pat fèt nan vilaj sa. Dokiman idantitew gendwa di menm bagay la tou, men ou se sitwayen Siyon. Sa se vrè idantitew, daprè labib.

Pa gen plas pou fòs negatif nan liy sanw ki ka blokew. Ou se yon nouvo kreyati, e tout bagay vin nèf. Ou gen lavi Kris anndanw. Pa gen medyokrite, ni echèk nan laviw. Ou dwe fè bagay lòt moun paka reyisi paskew se sitwayen syèl, fèt anwo ak yon semans ki pa kòwonpi. Sòti jodiya epi defye tout montay ki ta sanble pa vle bouje, e ou va asireman wè yo tout plat atè tankou plenn.

## DEKLARASYON PWOFETIK

Mwen fèt anwo; mwen se yon vrè sitwayen Siyon. Pa gen povrete, mank oubyen doulè ki gen aksè nan lavim. Mwen alabri demon nan non Jezi. Amèn.

### ETID KONPLEMANTÈ

Filip 3:20-21

### 365 JOU DEFI LEKTI LABIB

Lekti jodiya se: Deteronòm 20:1-23:14

[www.goodnewsdailydevotional.com](http://www.goodnewsdailydevotional.com)



Lendi, 3 Mas

## MATERYÈL BONDYE

### 1 Jan 4:4

Men, nou menm, ptit mwen yo, nou se moun Bondye, nou kraze fo pwofèt yo, paske lespri ki nan nou an gen plis pouvwa pase lespri ki nan moun ki pou lemonn yo.

Lè nou di yon objè "lò," sa pa vle di se pou lò li ye. Sa vle di objè a fèt ak lò, li plen ak eleman lò. Menm jan tou, lè labib di ou de Dye, sa vle di kew fèt ak patikil Bondye, oubyen ak materyo diveren. Soti nan tèt pou rive nan pye, ou se yon reprezantasyon de Bondye e tout sak nan ou sot nan Bondye. Lè wap mache, pa janm panse kew se yon senp kò kap mache. Ou plis pase yon gwo jeyan espirityèl.

Pa gen plas pou maladi, povrete, oubyen echèk nan Bondye paske se sèlman limyè ki gen nan Li e non fènwa. Bondye paka rete nan menm plas ke dyab la ak kòwòt li yo. Maladi sa, povrete, oubyen depresyon sa bezwen tandem bouch ou ke jodiya se jou ekspilsyon. Yo paka rete ankò nan tanp Bondye a. Lè wap rantre nan biwow oubyen nan espas travay ou, jis konnen ke se pa oumenm kap mache, men se Bondye limenm. Sòti epi al pran kontwòl teritwa yo.

### DEKLARASYON PWOFETIK

Mwen se yon jeyan espirityèl, e chak fib nan mwen diveren. Map viv nan laviktwa, e temwayaj yo se pen kotidyen mwen. Mwen deja pran kontwòl mond ki antourem nan. Bondye nan tout detay nan vim. Mwen ekipe poum gen viktwa nan non Jezi!

### ETID KONPLEMANTÈ

2 Piè 1:3-4

### 365 JOU DEFI LEKTI LABIB

Lekti jodiya se: Deteronòm 23:15-27:10

[www.goodnewsdailydevotional.com](http://www.goodnewsdailydevotional.com)



Madi, 4 Mas

## ANBASAD BONDYE

### 2 Korint 5:20

Se sak fè mwen pale nan non Kris la menm ki te voye m', tankou si se Bondye menm k'ap pale nan bouch mwen pou di nou: tanpri, nan non Kris la, tounen vin byen ak Bondye ankò.

Anpil moun pa konprann vrè siyifikasyon yon anbasad. Yo panse ke yon anbasad se yon gwo batiman oubyen yon biwo ke yon anbasadè ap itilize. Yon anbasad se yon anbasad sèlman lè anbasadè a andanl. Lè li pa nan batiman, yo rele li yon chansèlri. Sak fè yon batiman yon anbasad se prezans anbasadè a. Se menm jan, lè prezidan Etazini an abò yon elikoptè, li tounen È FÒS WONN. Se pa dizay aparèy la kifè yo relel È FÒS WONN, men se moun ki abò a.

Lè bib la relew anbasadè syèl la, li vle di nenpòt anviwònman ou rantré vin yon anbasad pou Bondye. Prezans ou kòm pitit Bondye ranpli tout anviwònman ak prezans Bondye. Pa gen povrete, mank oubyen dezespwa nan atmosfè Bondye. Jodiya, nenpòt kotew ale, ou pral wè sèlman rezulta pozitif paske ou se yon anbasadè syèl la, e prezans ou kreye yon atmosfè ak divinité.

## DEKLARASYON PWOFETIK

Mwen se yon anbasadè Syèl. Prezans mwen se prezans Bondye. Pa gen plas pou mank, medyokrite, oubyen maladi nan lavim nan non Jezi. Amèn.

### ETID KONPLEMANTÈ

1 Jan 4:17

### 365 JOU DEFI LEKTI LABIB

Lekti jodiya se: Deteronòm 27:11-28:68

[www.goodnewsdailydevotional.com](http://www.goodnewsdailydevotional.com)



Mèkredi, 5 Mas

## FABRIKAN DIFE YO

### Mak 1:35 (KJV)

Nan gramaten, byen bonè, li pa t' ankò fè klè, Jezi leve, li soti li kite lavil la, li al yon kote ki pa gen moun. La li t'ap lapriyè.

Mond la plen ak fabrikan pou yon bann pwodi tankou manje, teknoloji, ak minisyon. Genyen yon grenn sektè ke yo pa janm ka touche men ki touche pa nou menm ki se Kretyen yo. Labib la di avan Jezi te konn al rankontre pèp la, Li te konn leve bonè nan maten epi al priye. Kisal te konn al fè bonè maten? Li te konn al fabrike epi chaje dife. Li pat vle fè fas ak zafè jounen an sanl pat chaje dife. Li pa pridan pouw afwonte yon jounen sanw pa chaje ak dife anndanw.

Lèw priye, ou fabrike epi chaje dife nan sistèm ou pouw ka vin envensib pou dyab la ak tout akolit li yo. Pa gen anyen ki ka kanp devan dife. Li penetre epi detwi tout fòtrès. Pandan wap li mesaj pwofetik sa, kòmanse entèsedé ak priye pouw ka chaje foul ak dife. Lapriyè se konpaktaj dife. Pa fatige priye, kenpòt sa wap travèse jodiya. Jis chaje lapriyè epi sòti al afwonte sektè sa yo ou te panse ki envensib yo. Anyen ni pèsòn paka blokew oubyen bloke bi Bondye fikse pou ou a nan non Jezi.

### DEKLARASYON PWOFETIK

Mwen se yon fabrikan dife. Lèm priye, tout bagay bouje. Mwen kòmande tout montay pou yo tounen plèn nan non Jezi. Amèn.

### ETID KONPLEMANTÈ

Jid 1:20

### 365 JOU DEFI LEKTI LABIB

Lekti jodiya se: Deteronòm 29:1-32:14

[www.goodnewsdailydevotional.com](http://www.goodnewsdailydevotional.com)



Jedi, 6 Mas

## LWIL

### 1 Samyèl 16:13

Samyèl pran ti poban Iwil la, li vide l' sou tèt David, la devan tout frè li yo. Lamenm Lespri Seyè a desanm sou David. Depi jou sa a, li pa t' janm kite l'. Apre sa, Samyèl leve, li tounen lavil Rama.

Lè Samyèl te wen David, sa yo kite wèl te panse ke sete jis Iwil kite sou tèt li. Men sete plis ke Iwil. Oksyon Bondye li te resevwa jou sa te separal de frèl yo. Lèl te kòmanse fè eksplwa sou chan batay, Iwil la te ranfòse li. Onksyon Bondye nan ou metew apa nan mitan òdinè yo, epi onksyon sa rete pou toutan. Kòmanse itilize Iwil Bondye sa depi jodiya. Chak pitit Bondye gen Iwil Bondye sa; li pa sèlman pou pastè yo.

Pandan ke wap resevwa gras Bondye nan Pawòl la, menm onksyon sa blayi nan biznis ou, fanmiw, santew, ak tout sektè nan laviw. Ou pa ka bloke paskew gen Iwil la, e gras Bondye fò sou laviw. Menm Jezi deklare ke Lespri Senyè a te sou li e Li te wen pou preche Bòn Nouvel la. Li te Iwil la pou akonpli misyon Li. Jodiya, Iwil sa sou laviw koze yon tounan pwofetik.

### DEKLARASYON PWOFETIK

Onksyon Bondye sou lavim. Mwen gen Iwil poum pwospere ak domine. Mwen kòmande tout bagay ki konsène lavim vin nan bon plas yo nan non Jezi. Amèn.

### ETID KONPLEMANTÈ

Ezayi 10:27

### 365 JOU DEFI LEKTI LABIB

Lekti jodiya se: Deteronòm 32:15-34:12; Jozye 1:1-9

[www.goodnewsdailydevotional.com](http://www.goodnewsdailydevotional.com)



Vandredi, 7 Mas

## PISANS DINAMIK

### 2 Korint 3:18

Nou tout, nou pa kouvri figi nou; nou tankou yon glas k'ap fè moun wè pouvwa Bondye a: konsa chak jou n'ap transfòme, pouvwa li ap grandi nan nou, jouk tan n'a rive sanble nèt ak Seyè a. Sa se travay Seyè a. Lespri Bondye.

Wayòm Bondye a pa kanpe an plas. Labib konfime ke nap bouje de glwa an glwa, sa vle di pa gen okenn fòm glwa ki final pou Bondye. Li vle kew wè glwa kontinyèlman. Ou ka panse ke sa Bondye te fè pou ou a se pibon bagay Li te ka fè daprè kapasitel, men Li ka siphann ou chak minit san Li pa repeète tèt Li. Li ka fè yon nouvo bagay lakay ou.

Pawòl pwofetik sa ap pouse zèl nan laviw pandan ke wap nouriw nan li. Pa gen kanpe an plas nan laviw ankò nan non Jezi. Wap bouje de yon nivo glwa a yon lòt. Pi gran sa ki nan ou an ye, e pa gen rezon pou fè bak. Wap mache pran teritwa ak pisans Sentespri. Kare zèpòl ou yo, sòti, epi gade Toupisan kap fè nouvo bagay nan laviw.

### DEKLARASYON PWOFETIK

Bondye ap fè nouvo bagay nan lavim. Pa gen plas pou mank, kondanasyon, peche, oubyen povrete nan lavim. Mwen se yon semans pou Piwo a, e lavim ap bouje de glaw an glwa.

### ETID KONPLEMANTÈ

Efèz 3:20

### 365 JOU DEFI LEKTI LABIB

Lekti jodiya se: Jozye 1:10-4:24

[www.goodnewsdailydevotional.com](http://www.goodnewsdailydevotional.com)



Samdi, 8 Mas

## BATAY PAWÒL YO

**Matye 12:37**

**Paske, se dapre pawòl ou y'a jije ou: Se pawòl ou k'ap di si ou inonsan, osinon si ou koupab.**

Chak gress pawòl ou pale pa mouri. Li ale e li tann poul akonpli nenpòt saw te di a. kit saw te di a te reyèl ou pa, pawòl la pral aji pou fèl rive. Siw di bagay yo difisil, pawòl la pral asire ke tout saw manyen vin difisil. Siw di tout moun rayiw, pawòl sa ap fè ansòt ke tout moun rayiw. Ou kapab pansew se yon pwofèt lèw wè bagay sa yo ap rive, poutan ou jis ap twonpe tèt ou epi konplike laviw.

Fason ki pi fasil pouw konbat yon pawòl negatif se ranplasel ak youn ki pozitif. Labib di kew dwe kondane nenpòt pawòl ki leve kont ou (Ezayi 54:17), ki vle di pawòl yo konn leve kont moun. Pawòl yo batay ak pawòl yo. Ou kapab te di yon bagay negatif sou tèt ou anvan, men jodiya chwazi di yon bagay pozitif. Ou se youn Bondye chwazi, e saw pale ap pote lavi. Dekrete epi deklare pwosperite, pouvwa, pwomosyon, ak bòn sante nan non Jezi. Lign ou yo ap tonbe kote ki agreyab pandan ke wap di pawòl sa yo.

### DEKLARASYON PWOFETIK

Mwen pale lavi, lapè, ak pwosperite. Lign mwen yo tonbe kote ki agreyab. Asireman bonte ak mizerikòd pral kontinye swiv mwen chak jou nan lavim, nan non Jezi. Amèn.

### ETID KONPLEMANTÈ

Pwovèb 18:21

### 365 JOU DEFI LEKTI LABIB

Lekti jodiya se: Jozye 5:1-8:23

[www.goodnewsdailydevotional.com](http://www.goodnewsdailydevotional.com)



Dimanche, 9 Mars

## LIBERE SOLISYON YO

Jan 7:38

Moun ki mete konfyans yo nan mwen, y'ap wè gwo kouran dlo k'ap bay lavi koule soti nan kè yo, jan sa ekri nan Liv la.

Mwen rankontre anpil moun nan minister ki di, Ôm de Dye, priye pou mwen pouke tonton, matant, patwon, oubyen zanmim nan sonjem. Yo kwè tout bon ke yon lòt moun dwe delivre yo de pwoblèm yo. Bib la di ke nan vant ou pral koule plizyè rivyè dlo vivan. Rivyè sa pa sòti kot Bondye oubyen yon lòt peyi; li sòti anndanw. Kris nan ou se esperans tout laglwa. Nenpòt bagay ki ap baw nwit san somèy, repons la anndanw.

Raplew ke, tout kote dlo rive, lavi blayi. Menm kote ki pi sèk yo pran lavi lè dlo ap koule. Kapab genyen yon sektè ki sèk oubyen san vi nan laviw, men jodiya, lache dlo lavi a ak deklarasyonw yo. Repons la nan ou, ap tann poul relache nan tout sektè nan laviw. Sitiyasyonw ap chanje tout bon paske solisyon yo ap vini de lespriw nan non Jezi.

## DEKLARASYON PWOFETIK

Tout repons mwen bezwen yo nan lavi say o anndan mwen. Mwen kòmande solisyon yo pou vin nan biznis mwen, maryaj mwen, santem, edikasyonm, ak nan tout sa ki konsène lavim. Amèn.

## ETID KONPLEMANTÈ

Kolòs 1:27

## 365 JOU DEFI LEKTI LABIB

Lekti jodiya se: Jozye 8:24-11:9

[www.goodnewsdailydevotional.com](http://www.goodnewsdailydevotional.com)



Lendi, 10 Mas

## ELIMINE TRADISYON

### Mas 7:13

Se konsa nou fè pawòl Bondye yo pase pou anyen ak pawòl pa nou n'ap transmèt yonn bay lòt. Nou fè anpil lòt bagay konsa ankò.

Definisyonom de tradisyon se siksè ki friz. Metòd ki te fonksyone nan pase yo pap mache jodiya. Nan lekòl primè yo te konn di nou youn mwens de pa posib ( $1-2 = \text{enposib}$ ). Epiw vin atenn yon nivo kotew reyalize ke repos la se mwens en (-1). Premye repons la mache nan yon sèten nivo, men pa nan gwo nivo yo. Pa mete Bondye nan yon bwat pou fòsel travay an akò ak ide ou genyen dèyè tèt ou yo. Li kapab fè yon bagay tou nèf, yon mirak tou nèf nan laviw, yon bagay pèsonn pa janm wè nan fanmiw.

Bib la di ke yo fè Pawòl Bondye a san efè ak tradisyon yo, ak non kwayans yo. Yo pat rive kwè ke ti gason ke Mari tap pote a ta pral kapab ap fè mirak, syi ak mèvèy sa kounye a. Yo te vle ke Li fè bagay kite chita anndan kwayans yo, men Li defye yo tout. Jodiya Bondye ap fè yon nouvo bagay nan laviw. Yon bagay ki pat janm egziste anvan ap vin jwenn ou nan non Jezi. Sèlman kwè.

## DEKLARASYON PWOFETIK

Mwen refize fè Pawòl Bondye a san zèfè ak enkredilitem. Mwen kwè ke chak montay nan lavim ap tounen plenn. Mwen te destine fè sa zansèt mwen yo pat rive fè nan non pisan Jezi. Amèn.

## ETID KONPLEMANTÈ

Ròm 15:4

## 365 JOU DEFI LEKTI LABIB

Lekti jodiya se: Jozye 11:10-14:15

[www.goodnewsdailydevotional.com](http://www.goodnewsdailydevotional.com)



Madi, 11 Mas

## SOUPWODI LAKWA YO

**2 Korint 5:17**

**Si yon moun ap viv nan Kris la, li vin yon lòt moun. Bagay lontan yo disparèt, se lòt bagay nèf ki pran plas yo koulye a.**

Li sanble yon blag lèm di kèk moun ke yo pa responsab lanmò Jezi sou lakwa. Ou se rezulta, yon soupwodi lanmò Li. Ou pat lakòz Li mouri; se te ansyen moun ou te ye a ki te koze lanmò Li. Bib la di si nenpòt moun nan Kris, li se yon nouvo kreyati. Mo 'nouvo' a se kayinòs nan grèk, ki vle di yon bagay ki pat janm egziste anvan.

Ou se yon espès tou nèf ki pat janm egziste anvan. Tout peche ak erè yo te fèt pa ansyen moun ou te ye a. Moun ki ap akizew pou saw te fè yè, yo tankou vòlè ki al nan ansyen adrès ou pou yal vòlè zafèw. Ou genyen ladwati Bondye nan ou. Tout bagay vini tou nèf nan moman ou konprann sa. Pa gen demon ni malediksyon ki gen pouvwa sou laviw; ou gen yon lav itou nèf nan Jezikris. Sòti epi konstate glwa presye Li ki ap manifeste nan laviw.

### DEKLARASYON PWOFETIK

Mwen se yon kreyati tou nèf. Mwen gen ladwati Jezikris nan mwen. Mwen dekrete e deklare ke tout bagay ki konsène lavim, yo vini tou nèf nan non Jezi. Amèn.

### ETID KONPLEMANTÈ

Galasi 2:20

### 365 JOU DEFI LEKTI LABIB

Lekti jodiya se: Jozye 15-17

[www.goodnewsdailydevotional.com](http://www.goodnewsdailydevotional.com)



Mèkredi, 12 Mas

## BEZWEN WAYÒM

### 1 Samyèl 1:11 (KJV)

Li fè Seyè a yon pwomès, li di l' konsa: -Seyè, ou menm ki gen tout pouvwa a, tanpri voye je ou sou sèvant ou a non! Gade lapenn mwen! Si ou pa bliye m', si ou ban m' yon pitit gason, m'ap mete l' apa pou li viv pou ou ase. Li p'ap janm koupe cheve nan tèt li.

Chemen ki pi fasil pouw jwenn solisyon Bondye yo se pote solisyon pou bezwenl yo. Laplipa nan nou satire Syèl ak rekèt, kri, plenyen yo san nou pa mande Bondye kisal bezwen. Lèw chèche sa Bondye bezwen, Limenm tou Lap pati dèyè sa wap chèche yo. Menm lè Bondye ka fè tout bagay, genyen Li kite sou tè a pou pèp Li a fè.

1 Samyèl di Pawòl Bondye te difisil pou jwenn, ki vle di pat gen pwofèt ni okenn lòt moun de konfyans pou pote vwa Bondye. Ânn te konn kisa Bondye te bezwen el te di, « siw retire esterilitem nan, map baw yon pwofèt. » Sete vrèman yon tranzaksyon; li te ofri poul satisfè bezwen Bondye, Bondye te fè menm bagay la pou li. Jodiya, chèche yon bagay pouw fè pou Wayòm nan : charite, don, oubyen nenpòt lòt fasonw ka sèvi nan kay Bondye a. Fè laviw yon solisyon pou Bondye epiw va jwenn solisyon paw la.

### DEKLARASYON PWOFETIK

Mwen se yon atou, pa yon andikap, nan kay Bondye. Tout sak konsènem sot nan Bondye, e zafèl se priyoritem. Mwen dwe genyen nanm epi sèvi nan kay Bondye jouk anlèvman rive. Amèn.

### ETID KONPLEMANTÈ

Filip 4:19

### 365 JOU DEFI LEKTI LABIB

Lekti jodiya se: Jozye 18:1-21:12

[www.goodnewsdailydevotional.com](http://www.goodnewsdailydevotional.com)



Jedi, 13 Mas

## KONTINYE AVANSE

**Egzòd 14:15**

Seyè a di Moyiz: -Poukisa w'ap rele konsa nan zòrèy mwen? Di moun pèp Izrayèl yo pou yo leve mache.

Lè timoun Izrayèl te wè Lanmè Wouj ap gwonde devan yo epi Ejipsyen yo dèyè yo, yo te panse ke tout bagay te fini. Sitiyasyon yo te dezespere e mòtèl. Pwofèt Moyiz te rele Bondye, men Bondye pat prè pou tande rekèt li ya sof pou te dil fè pèp la avanse. Kouman nou ka avanse ak dlo devan nou? Se yon kesyon anpil moun ka ap poze. Yo te sèlman bezwen fè konfyans ak Moun ki tap bay enstriksyon an.

Kounye a, ou ka ap fè fas ak sitiyasyon ki ka parèt san solisyon, men Bondye ap di kontinye avanse. Mouvman se yon siy lafwa. Leve, aplike kote ki bezwen, fè menm yon ti biznis oubyen nenpòt bagay ak lafwa, epi ou va wè montay yo kap bouje. Kòm pitit Bondye, anyen pap blokew ditou. Kontiniye avanse.

### DEKLARASYON PWOFETIK

Mwen pral kontinye avanse. Kris nan mwen se esperans tout laglwa. Chak montay nan lavim tounen plenn nan non Jezi. Amèn.

### ETID KONPLEMANTÈ

Deteronòm 28:12

### 365 JOU DEFI LEKTI LABIB

Lekti jodiya se: Jozye 21:13-23:16

[www.goodnewsdailydevotional.com](http://www.goodnewsdailydevotional.com)



Vandredi, 14 Mas

## FOKIS

**Matye 14:30**

**Men, lè Pyè wè jan van an te fò, li pè. Lè sa a, li kòmanse koule, li pran rele: Mèt, sove m' non!**

Fòs pouw reyalize nenpòt ki bagay kache nan fokis. Lè tout enterèw chita sou objektif ou, sa gide kondit ou, chwaw ak mouvmanw. Ke se nan ministè oubyen nan nenpòt ki lòt bagay, fokis se kle. Lè Jezi te Pyè sot nan bato a, bib la konfime ke li te kòmanse mache sou dlo. Mwen pa konn sak pase ak dansite molekilè dlo, men lè Mèt la relew, tout lwa yo pral friz. Malerezman, lè Pyè te gade van, li te kòmanse koule. Lèl te met fokis li sou Jezi, tout bagay tap byen mache, men nan moman li te detounen epi gade van, li te kòmanse koule.

Pa gade van; fokis sou objektif ou. Pa enkyetew de sa medya oubyen zanmiyo ap di. Tout sa se van. Pa janm pèmèt negativite vòlè fokis ou; rete sou wout la. Moun ki rayiw yo ak distraksyon yo la, men pa pèmèt yo detounenw de objektif ou. Mache nan direksyon apèl ak misyonw, epiw va kòmanse wè men pisan Bondye nan menm moman nan Non Jezi.

## DEKLARASYON PWOFETIK

Lide mwen klè, e vizyonm presi. Mwen pap kitem distrè de volonte ak objektif Bondye pou lavim. Amèn.

## ETID KONPLEMANTÈ

Pwovèb 4:25

## 365 JOU DEFI LEKTI LABIB

Lekti jodiya se: Jozye 24; Jij 1-2

[www.goodnewsdailydevotional.com](http://www.goodnewsdailydevotional.com)



Samdi, 15 Mas

## MEDIKAMAN FASIL

Pwovèb 17:22

Kè kontan bay lasante. Men, lè ou kagou, w'ap deperi sou pye.

Plizyè milyon moun ap mouri chak jou akòz divès maladi. Menm lè diferan òganizasyon ap investi lajan nan rechèch medical, pa gen gerizon fizik pou yon seri maladi. Eskew te konnen ke chak fwa ou souri epiw kontan, wap bay tèt ou distans ak lopital? Laplipa nan maladi yo koze pa estrès ak dezekilib emosyonèl.

Pwovèb di fèw jwaye, fè kèw kontan, epi wap kreye pwòp medikamanw. Kòw ka geri pi fasil lèw kontan ke lè wap pran plizyè douzèn medikaman chak jou. Ou kapab te blese pa yon moun, men chwazi lajwa. Moun ki te fèw mal la ap viv gratis nan kèw epi ap toufe li ak kòlè. Padone yo epi chwazi pouw kontan. Souri nan mitan kalamite, epi santew va retabli. Wa va kontinye nan sante divin.

### DEKLARASYON PWOFETIK

Lanmou, lapè, ak pwosperite se pou mwén. Mwen chwazi poum kontan. Lajwam se priyoritem, e anyen pap pranl nan menmw nan non Jezi. Amèn.

### ETID KONPLEMANTÈ

Filip 4:4

### 365 JOU DEFI LEKTI LABIB

Lekti jodiya se: Jij 3-5

[www.goodnewsdailydevotional.com](http://www.goodnewsdailydevotional.com)



Dimanch, 16 Mas

## BON KONBA

### 1 Timote 1:18

Timote, ptit mwen, m'ap renmèt ou kòmandman sa a, dapre pawòl pwofèt Bondye yo te di sou ou nan tan lontan an. Pran fòs sou pawòl sa yo pou ou ka mennen batay la byen.

Nan momanw tande "bon konba," sa vle di ke gen move konba. Pòl ankouraje Timote poul mennen bon konba ak tout pwofesi yo te ba li yo. Pwofesi se yon zam, yon kanno pouw batay. Nan moman ou resevwa yon pwofesi, ou ekipe pouw batay. Pa gen okenn demon oubyen anyen ki barew paskew gen lafwa nan sa wap goumen pou li a.

Labib se yon pawòl pwofesi ki pi sèten, kidonk pa gen okenn kwayan ki ka di yo pa janm resevwa yon pwofesi. Itilize chak pwomès Bondye nan ekriti sen yo oubyen nenpòt pawòl pozitif sou laviw pouw goumen. Di anviwònmanw ak tout bagay ki konsène laviw ke yo paka blokew akòz pwofesiw yo. Ou pap mouri tankew pa wè manifestasyon yo nan non Jezi.

### DEKLARASYON PWOFETIK

Mwen pote yon pawòl pou ministèm, fanmim, biznis mwen, ak tout bagay. Lanmò pa pou mwen. Map viv poum wè pwofesim yo akonpli. Alelouya.

### ETID KONPLEMANTÈ

Jeremi 1:12

### 365 JOU DEFI LEKTI LABIB

Lekti jodiya se: Jij 6-7

[www.goodnewsdailydevotional.com](http://www.goodnewsdailydevotional.com)



Lendi, 17 Mas

## PISANS PAWÒL LI

### Sòm 138:2

M'ap mete ajenou devan kay ki apa pou ou a, m'ap fè Iwanj ou, paske ou gen bon kè, paske ou toujou kenbe pawòl ou, paske ou fè sa ou te pwomèt la. Se tout moun k'ap nonmen non ou koulye a.

Lè map pale de pisans, ou ka panse zanj ak fòs sinatirèl yo ki anlè mond fizik la. Men gen yon bagay ki pi pisan ke non Bondye Limenm: Pawòl Li. Osi senp ke sa sanble, Bondye opere an akò ak estanda pwòp pawòl Li. Li pa fè anyen andeyò pwòp Pawòl Li. Li level piwo ke non Li, se sak fè lèw ale ak Pawòl la, wap toujou tounen ak yon temwayaj.

Pandan wap li mesaj pwofetik sa, pisans Bondye rantre nan tout kòw. Chwazi li Pawòl la epi konprann li. Grandi nan gras atravè Pawòl Li. Li se yon pawòl pwofesi ki pi sèten. Mwen dekrete e deklare ke pandan wap li pawòl sa, gen yon chanjman ak yon tounan nan laviw nan non Jezi.

### DEKLARASYON PWOFETIK

Mwen ale ak Pawòl la, e temwayaj mwen asire. Mwen dekrete e deklare ke mwen detèmine swiv wout mwen dwe swiv atravè Pawòl Bondye a. Amèn.

### ETID KONPLEMANTÈ

2 Timote 3:16-17

### 365 JOU DEFI LEKTI LABIB

Lekti jodiya se: Jij 8-9

[www.goodnewsdailydevotional.com](http://www.goodnewsdailydevotional.com)



Madi, 18 Mas

## REKÒT PARE

**Matye 9:37**

**Lè sa a, li di disip li yo: Rekòt la anpil, men manke travayè pou ranmase l'.**

Krisyanis san sove nanm se chanalite. Devwa pou sove nanm yo se pa sèlman pou pastè yo men se pou chak kretyen. Senyè a Jezikris te di, "leve jew, rekòt la pare." (Jan 4 :35). Poutan anpil ap bay ekskiz ke tèren yo difisil, menm pastè yo. Pran nòt ke Jezi pat janm di nou gade atè men « anlè. » Li te di rekòt la pare; devwaw se pataje mesaj la ak pawòl nan bouch oubyen menm nan simaye devosyon sa.

Pa gaspiye mesaj la. Kounye a menm, kòmanse pataje mesaj sa ak yon moun. Ede yon frè oswa yon sè resevwa Kris. Fèw yon enstriman pou sove nanm. Fè yon envantè de konbyen nanm ou mennen déjà nan Wayòm nan. Pataje mesaj la, pa gaspiyel!

## DEKLARASYON PWOFETIK

Mwen se yon minis rekonsilyasyon; lavim se pou peple Syèl ak vide lanfè. Mwen angajem poum preche Levanjil Senyè Jezikris nou an pou jouk anlèvman.

### ETID KONPLEMANTÈ

Pwovèb 11:30

### 365 JOU DEFI LEKTI LABIB

Lekti jodiya se: Jij 10-13

[www.goodnewsdailydevotional.com](http://www.goodnewsdailydevotional.com)



Mèkredi, 19 Mas

## REBÈL POU KRIS

Travay 15:26

ki te riske lavi yo pou non Jezikri, Seyè nou an.

Mwen tande anpil moun kap deckare ke yo sakrifye anpil pou Bondye akòz de travay yo fè nan kay Senyè a. Konprann ke menm pwòp vi paw pa pou ou; li pou Fabrikanw la, se sak fè li nesesè pouw angajew totalman ak Li. Ekriti nou an pale de gason ki te riske lavi yo pou non Senyè nou an Jezikris. Yo te pare pou pèdi tout bagay an favè Levanjil la.

Eskew te deja riske yon bagay pou Levanjil? Chwazi chemen Kris la epi simaye mesaj la ak tout fòs. Sa ka mennen pèsekisyon, malveyans, ak repwòch, men rekompans la pi gwo alafen. Ou gen yon apèl ki pi gran pouw simaye mesaj Senyè Jezikris nou an. Ou kapab te resevwa Jezi pandan wap li mesaj sa; pwochen etap la se patajel ak yon lòt moun. Lansew nan zafè Wayòm nan; sove nam jouk anlèvman rive.

### DEKLARASYON PWOFETIK

Gras Bondye a disponib poum al chèche anpil nanm pou Wayòm nan. Frè ak sèm yo ki potko sove pral sove gras ak mwen. Mèsi Senyè Jezi pou gras pou sove nanm nan Wayòm Bondye a. Amèn.

### ETID KONPLEMANTÈ

Travay 17:6

### 365 JOU DEFI LEKTI LABIB

Lekti jodiya se: Jij 14-16

[www.goodnewsdailydevotional.com](http://www.goodnewsdailydevotional.com)



Jedi, 20 Mas

## LOUP

Sòm 69:30

M'a chante pou Bondye, m'a fè Iwanj li. M'a di l' mèsi, m'a fè konnen jan li gen pouvwa.

Loup yo sèvi pou pèmèt ou wè yon bagay pi byen. Siw mete yon loup sou yon foumi, ou pral wè detay ou pat janm imajine anvan. Lè Bib la di pouw fè Bondye pi gran, li vle di gadel sou yon meyè jou. Lè pwoblèm ou yo parèt gwo, pale yo de yon pigwo Bondye ki te kreye tè a apati de anyen : kreyatè linivè ki pa gen kòmansman an.

Ou te pale Bondye de pwoblèm ou yo, men jodiya, chwazi pale pwoblèm ou yo de gwo Bondyew la. Leve Bondye wo devan difikilte yo. Preche maladi sa sou Bondye ki geri tout kalte maladi yo. Povrete se pa pòsyonw; wap adore Bondye ki posede betay pa milye. Preche ak sitiyasyon sa ki ap few pa dòmi lannuit yo epi gadel kap koube byen ba jodiya nan non Jezi.

## DEKLARASYON PWOFETIK

Pa gen montay ki pi gwo ke Bondyem nan. Tout bagay ki konsène lavim vin jwenn mwen an kantite sifizan nan non Jezi. Amèn.

## ETID KONPLEMANTÈ

Sòm 34:1

## 365 JOU DEFI LEKTI LABIB

Lekti jodiya se: Jij 17:1-20:11

[www.goodnewsdailydevotional.com](http://www.goodnewsdailydevotional.com)



Vandredi, 21 Mas

## A AK Z (ALFA AK OMEGA)

**Revelasyon 22:13**

Se mwen menm ki A ak Z, se mwen menm ki premie ak dènye, se mwen menm ki konmansman ak finisman.

Yon konpreyansyon debaz nan teyoloji pral fèw konprann ke, lang orijinal labib yo li sòti dwat a göch pa göch a dwat. Sa vle di ke fraz “Alfa ak omega (A ak Z)” an reyalite se “Omega ak alfa (Z ak A).” Bondye nap adore ya se Sila ki kòmanse ak fen an anvan kòmansman. Labib di aktyèlman ke Kris te krisifye anvan fondasyon latè a sa ki vle di lafen an te fini fèt anvan Mari te bal nesans. Bondye fin fè tout bagay ki konsènew, epiw te beni ak tout benediksyon fizik e espirityèl yo anvan menm ou parèt.

Milyon wap chèche yo te livre deja, santew se tan pase nan jel. Reklame benediksyonw yo jodiya pandan wap fè dekrè ak deklarasyon espirityèl. Bondye te baw yon pakè konplè epi anyen pa manke nan non Jezi.

## DEKLARASYON PWOFETIK

Nan non Jezi mwen resevwa tout bagay, lajan, sante, pwomosyon. Mwen kolekte koleksyonm yo. Mwen pap manke anyen nan non Jezi. Amèn.

### ETID KONPLEMANTÈ

2 Piè 1:3

### 365 JOU DEFI LEKTI LABIB

Lekti jodiya se: Jij 20:12-21:25; Rit 1:1-2:13

[www.goodnewsdailydevotional.com](http://www.goodnewsdailydevotional.com)



Samdi, 22 Mas

## SELEBRITE ESPIRITYÈL YO

Travay 19:15

**Men move lespri a reponn yo: Mwen konnen Jezi, mwen konnen Pòl. Men nou menm, ki moun nou ye?**

Mond fizik la chaje ak sa yo rele "selebrite," sa yo ki popilè pou divès rezon. Genyen selebrite nan mond fizik la, men li posib pou se yon selebrite sou Latè epiw pa koni nan wayòm espirityèl la. Gade ekriti nou pou jodiya : pitit gason Seva yo te kapab popilè nan legliz yo paske papa yo te yon pastè, men nan wayòm espirityèl la, pèsonn pat menm konnen yo.

Lè demon an di, "Mwen konnen Pòl," mo 'konnen' an vle di abitye ak konnen yon moun pa eksperyans. Pòl te tèlman popilè nan lespri ke menm demon yo te konnen li, e yo pat ka kenbe tèt ak li, menm nan wayòm fizik la. Nouriw nan Pawòl Bondye a epi priye jouk ou jwenn rekonesans ou nan lespri. Fèw yon selebrite espirityèl, e siw koni nan lespri, pa gen okenn fòs fizik kap ka kanpe devanw. Ou vin yon moun ki ap travèse baryè nan non Jezi.

## DEKLARASYON PWOFETIK

Pawòl Bondye a se estandam. Mwen grandi nan gras atravè Pawòl la. Mwen domine nan lespri e nan natirèl nan non Jezi. Amèn.

## ETID KONPLEMANTÈ

Ròm 15:17

## 365 JOU DEFI LEKTI LABIB

Lekti jodiya se: Rit 2:14-4:22; 1 Samyèl 1

[www.goodnewsdailydevotional.com](http://www.goodnewsdailydevotional.com)



Dimanch, 23 Mas

## ODYANS MONDYAL

**Matye 28:19-20**

Ale fè disip pou mwen nan tout nasyon, batize yo nan non Papa a, Pitit la ak Sentespri a. Moutre yo pou yo obsève tou sa mwen te ban nou lòd fè. Chonje sa byen: mwen la avèk nou toulejou, jouk sa kaba.

Esfè enflyans vle di yon zòn ke yon moun oubyen yon antite ap egzèse enflyans li. Li kapab yon biznis, sa ki enplike jis kibò enflyans antrepriz la ka rive. Ekriti nou pou jodiya montre ke Bondye rele nou pou yon odyans mondyal. Li rele nou poun fè nasyon yo vin disip, pa jis ti vilaj oubyen selil. Li vlew fè tout Amerik, Afrik, oubyen Azi tankou selil ou.

Ou twò mondal pouw rete lokal. Pa limitem ak anviwònan lokal ou. Gen yon vizyon tankou Bondye sou tout bagay; Bondye relew pou yon bagay ki pi gran. Vizyon oubyen ide sa ou fè de tèt ou a, fèl mondal, pa lokal. Wap sèvi yon Bondye ki pa fèmen nan yon bwat; Li kontwole tout bagay, e Li se Mèt tout bagay. Sòti jodiya epi pran kontwòl teritwa yo nan non Jezi.

## DEKLARASYON PWOFETIK

Nasyon yo ap tann mwen, e jodiya mwen chwazi parèt pou laglwa Bondye. Mwen dekrete e declare ke anyen pap rezistem nan non Jezi. Amèn.

## ETID KONPLEMANTÈ

Jeremi 1:10

## 365 JOU DEFI LEKTI LABIB

Lekti jodiya se: 1 Samyèl 2-4

[www.goodnewsdailydevotional.com](http://www.goodnewsdailydevotional.com)



Lendi, 24 Mas

## ESTRATÈJ EKSTRAÒDINÈ

Jan 14:26

Moun ki pou vin ankouraje nou an, se Sentespri. Se Papa m' k'ap voye l' nan non mwen. Sentespri sa a va moutre nou tout bagay, la fè nou chonje tou sa m' te di nou.

Gwo konpayi oswa nasyon yo se rezulta gwo estrateji. Bon estrateji yo se sa ki separe gwo yo ak sa ki òdinè yo. Kounye a, saw bezwen pouw sòti nan sitiayonw nan se yon estrateji pafè. Kesyonw nan se, kisa ki gwo estrateji a, oubyen ki kote mwen kapab jwenn estrateji a?

Lè labib define Sentespri kòm yon Mèveye Konseye, siyifikasyon pafè a se Estratèj Ekstraòdinè; se sa Sentespri a ye. Li gen tout mwayen pou fèw sòti nan sikonsans ou yo. Priye epi pran tan pouw devlope bon relasyon avèk Sentespri; Li se Konpayonw nan tout bagay, e Li va gidew nan tout bagay. Priye Bondye epi konsilte Sentespri poul ka gidew nan tout bagay. Viktwa ak siksè se pou ou nan non Jezi.

### DEKLARASYON PWOFETIK

Sentespri se konpayonm; mwen trè byen gide chak jou nan lavim. Biznis mwen ap kontinye fleri nan non Jezi. Siksè se pou mwen, e pwomosyon se temwayaj mwen chak jou. Amèn.

### ETID KONPLEMANTÈ

Jan 16:13

### 365 JOU DEFI LEKTI LABIB

Lekti jodiya se: 1 Samyèl 5:1-9:10

[www.goodnewsdailydevotional.com](http://www.goodnewsdailydevotional.com)



Madi, 25 Mas

## NOUVO DIVEN

### Lik 5:37

Konsa tou, pesonn pa mete diven ki fenk fèt nan vye vesò fèt an po. Si ou fè sa, diven ki fenk fèt la va pete vesò an po yo. Lè sa a, diven an koule atè, vesò an po yo pèdi tou.

Bondye dinamik epi li toujou genyen yon bagay nouvo pou siprann ou ak fanmiw. Anpil moun bloke nan ansyen fason ak operasyon yo, san yo pa konnen ke Bondye te di Li pral fè yon bagay nouvo pam yo. Bib la di kew pa ka mete nouvo diven nan vye barik; sinon, lap pete. Ou bezwen kreye kapasite pouw resevwa anvan Bondye vide benediksyon an. Elimine tout vye abitid yo nan lespriw epi pèmèt Bondye fè yon bagay tou nèf nan laviw. Fè tèt ou nouvo barik sa pou kenbe nouvo benediksyon yo.

Ansyen oumenm nan kapab plen ak parès ak timidite, men jodiya, chanje sak nòmal la ak pouvwa Sentespri. Pandan wap pran pawòl sa, yon amelyorasyon ap pran plas nan lespriw pouw ka kenbe benediksyon tou nèf Bondye yo. Ou pa òdinè, pa tankou lòt yo; reziste ak tout fòrm prensip mond yo epi fè plas pou sak diven. Jodiya mwen dekrete ak declare ke Bondye pral sètènman fè yon bagay nouvo nan laviw.

## DEKLARASYON PWOFETIK

Mwen se yon nouvo vesò pou kenbe nouvo diven. Gras la disponib pou mwen poum pran kontwòl propriyete, biznis, ministè, ak tout bagay nan non Jezi. Amèn.

### ETID KONPLEMANTÈ

Efèz 4:23-24

### 365 JOU DEFI LEKTI LABIB

Lekti jodiya se: 1 Samyèl 9:11-12:18

[www.goodnewsdailydevotional.com](http://www.goodnewsdailydevotional.com)



Mèkredi, 26 Mas

## IDANTITE ESPIRITYÈL

### 1 Korint 13:12

Konsa tou, sa nou wè koulye a, se tankou yon pòtre n'ap gade yon jan twoub twoub nan yon glas. Men, pita nou pral wè fasafas. Koulye a nou pa fin konn tout bagay. Men, pita n'a konnen nèt ale menm jan Bondye konnen nou an.

Idantitew se yon fòs ki louvri pòt yo pou ou lè tout bagay fè silans. Lè prezidan peyi ap kondi sou wout la, sak fè tout bagay kanpe se konesans idantite moun kap vini an. Konnen ke gen yon moun ki siperyè kap vini kapab fasilman fèw aji yon sèten fason. Idantite nou kòm pitit Bondye se sak ban nou pouwwa nan lespri pou kontwole mond fizik ak espirityèl.

Labib konfime ke plis nou nourri nou nan Pawòl Bondye atravè ekriti ak mesaj yo, nou transfòme nan imaj Bondye. Nou pran idantite oriijinal nou depi lè nou te kreye nan imaj Bondye a. Pa gen plas pou echèk; ou konn kiyès ou ye nan je Bondye. Ou pa kondane; yo renmenw, epi Sak nan ou an pi gran ke sa ki nan mond la. Leve epi pran laviw an men. Ou se plim nan je Bondye nan non Jezi. Amèn.

### DEKLARASYON PWOFETIK

Mwen fèt anwo, e map viv anlè sikontans yo. Echèk pa pòsyonm; map kontinye viv nan abondans nan non Jezi. Amèn.

### ETID KONPLEMANTÈ

2 Piè 2:9

### 365 JOU DEFI LEKTI LABIB

Lekti jodiya se: 1 Samyèl 12:19-14:42

[www.goodnewsdailydevotional.com](http://www.goodnewsdailydevotional.com)



Jedi, 27 Mas

## SYÈL LA SE BWA DÈYÈ BANNANN MWEN

1 Samyèl 17:45 (KJV)

Lè sa a, David di Filistin an: - Ou vin sou mwen ak yon epe, yon frenn ak yon boukliye, mwen menm, mwen vin sou ou nan non Letènèl dèzame, Bondye lame Izrayèl yo, wap defye a.

Lè ou wè yon ti polisyè ap fè patwouy, li ka fasilman kanpe w sou wout ou epi wap obeyi tout bon. Ou pap obeyi l paske li se yon ofisyè men akòz sistèm ki apiye l la. Li ka piti nan grandè, men dèyè li, gen tout yon gouvènman ak tout pouvwa yerachi li yo. Sa ki enpòtan, se bwa ki dèyè bannann ou. David te piti anpil konpare ak Golyat, men li te gen sipò syèl la.

Ou menm tou, ou gen pouvwa ki soti anwo, e sila ki nan ou a pi gran. Konfwonte tout defi ak fòs nan Non Jezi. Wap reyisi fasilman paske ou pa apiye pa nenpòt kalifikasyon oswa pouvwa fizik men ou gen sipò nan syèl la. Soti non al pran kontwol lari a.

### DEKLARASYON PWOFETIK

Syèl la se bwa dèyè bannan mwen. Mwen vini kont tout fòs negativite. Pòt mwen yo louvri ak pouvwa epi ak onksyon Sentespri a. Amèn.

### ETID KONPLEMANTÈ

Ebre 13:5

### 365 JOU DEFI LEKTI LABIB

Lekti jodiya se: 1 Samyèl 14:43-17:25

[www.goodnewsdailydevotional.com](http://www.goodnewsdailydevotional.com)



Vandredi, 28 Mas

## PLIS KE VENKÈ

Ròm 8:37 (KJV)

Non, nan tout bagay sa yo nou pi plis pase venkè gras ak moun ki renmen nou an.

Batay yo gen plizyè faz: preparasyon, batay, ak etap apre batay oswa viktwa. Lè Bib la di nou nou plis pase venkè, li prezante yon dimansyon tou nouvo. Venkè yo goumen ak batay kanmenm ak lènmi an, men plis ke venkè yo te deja genyen epi yo chita nan viktwa yo. Yap gade lòt moun kap goumen paske yo te ale pi lwen pase nivo batay la.

Lènmi an te déjà pèdi batay la dè milye ane de sa devan lakwa. Kounye a, se sezon pou nou jwi rezilta batay la. Satan ak tout kòwòt li yo anba pye nou — se la plas ye. Anyen paka reziste ou ankò paske ou chita nan pozisyon viktwa nan Non Jezi.

### DEKLARASYON PWOFETIK

Mwen depase nivo batay ak lènmi an. Mwen deja bat li nan non Jezi. Siksè mwen, pwomosyon mwen, ak ogmantasyon mwen asire nan Non Jezikri. Amèn.

### ETID KONPLEMANTÈ

Jan 19:30

### 365 JOU DEFI LEKTI LABIB

Lekti jodiya se: 1 Samyèl 17:26-19:24

[www.goodnewsdailydevotional.com](http://www.goodnewsdailydevotional.com)



Samdi, 29 Mas

## KONTWOLE TERITWA OU

**Travay 9:10 (KJV)**

**Te gen yon disip lavil Damas ki te rele Ananyas. Seyè a di l' nan yon vizyon: Ananyas. Li di: - Men mwen Senyè.**

Lè yon chèf leta vwayaje nan yon kote, zòn sa a vin tounen yon zòn ki gen gwo sekirite. Lapolis ak tout pèsonèl sekirite yo pral toupatou. Lè w antre nan yon anviwònman konsa, ou imedyatman santi ke gen yon moun enflíyan ki tou pre. Sa a se dominasyon fizik sou yon teritwa, men tou, gen tou dominasyon espirityèl ou ka genyen antanke pitit Bondye.

Lè Pòl te eseye antre nan yon rejyon ki te kontwole pa lapriyè Ananyas yo, yon limyè te frape l. Laviw antanke pitit Bondye se yon zòn entèdi pou satan ak kòwòt li yo. Depoze lapriyè nan kont bankè ou genyen nan anviwonman espirityèl la epi kreye yon zòn tanpon kont riz lènmi an. Pandan wap priye jodiya, wap kreye yon gwo fò kont dyab la ak tout koneksyon li yo. Ou pral kontinye mache nan viktwa ak pwisans nan Non Jezi.

## DEKLARASYON PWOFETIK

Lavi mwen se yon zòn entèdi pou dyab la ak kòwòt li yo. Mwen reziste tout travay fènwa ki vize lavi mwen nan Non Jezi. Amèn.

## ETID KONPLEMANTÈ

Jeremi 1:10

## 365 JOU DEFI LEKTI LABIB

Lekti jodiya se: 1 Samyèl 20-22

[www.goodnewsdailydevotional.com](http://www.goodnewsdailydevotional.com)



Dimanch, 30 Mas

## YON ANVIWÒNMAN DEKONTAMINE

Mak 5:10 (KJV)

Epi li te sipliye I anpil pou I pa voye deyò peyi a.

Lè Jezi te vle chase demon yo (Lejon) nan demonyak la, yo te sipliye Jezi pou I pat mete yo deyò nan reyon an. Pandan li te klè ke yo pa t 'kapab rete nan nonm nan, yo te eseye negosye ak Jezi Kris pou yo te rete nan reyon an. Yo te vle kite kò nonm nan, men yo pat vle kite anviwònman an. Ou ka libere antanke moun, men ou toujou ap travay oswa ap viv nan yon anviwònman ki kontamine. Pitit ou yo ka libere men yo toujou ap aprann nan yon lekòl ki ranpli demon.

Pawòl Bondye ak lapriyè se yon resèt pou dekontaminasyon. Tout anviwònman ap reponn atmosfè w lè w grandi nan Pawòl la ak nan konesans Jezikri. Ou pa piti men w pwisan pou kraze bagay ki gen gwo fòs. Dekrete epi deklare ke espas travay ou, kay ou, ak tout anviwònman ki konekte avèk ou yo libere nan Non Jezi.

### DEKLARASYON PWOFETIK

Kay mwen ibere de tout kalite demon. Mwen komande teritwa mwen pou I ranpli ak Lespri Bondye a. Kèlkeswa kote mwen pile, demon yo tranble. Reyon dakson mwen an se yon zòn entèdi pou tout move lespri. Aleluya.

### ETID KONPLEMANTÈ

Ebre 4:12

### 365 JOU DEFI LEKTI LABIB

Lekti jodiya se: 1 Samyèl 23:1-25:31

[www.goodnewsdailydevotional.com](http://www.goodnewsdailydevotional.com)



Lendi, 31 Mas

## KITE LEPASE DÈYÈ

Egzòd 14:29 (KJV)

Men, moun pèp Izrayèl yo t'ap mache sou tè sèk nan mitan lanmè a. Dlo yo te tounen yon miray sou bò dwat yo ak sou bò gòch yo.

Lè Izrayelit yo te kite esklavaj nan peyi Lejip, Seyè a te asire l ke yo janbe lanmè Wouj la sou tè sèk. Li pa t vle yo antre nan peyi Kanaran ak labou peyi Lejip la. Yo te kite dèyè esklavaj, povrete ak doulè. Bondye pat vle okenn nan bagay sa yo pouswiv yo nan tè pwomiz la. Ou te gendwa te nan mond lan, oswa wap resevwa Kris la kounye a—pa gen plas ankò pou rès kras Lejip la. Wap metamòfoze— wap transfòme nan lavi Jezi.

Nan Jezikri, definitivman ou se yon nouveau kreyati. Peche ak erè ou te konn fè nan pase w, pa gen plas ditou ankò nan ou. Moun ou te ye a te fè peche, epi moun sa disparèt depi lontan. Okenn labou peyi Lejip pap swiv nan peyi Kanaran. Maladi ak povrete pa gen plas nan nouveau lavi ou genyen nan Jezi. Pandan nap fèmen mwa sa a pou nou antre nan yon nouveau, pa gen okenn echèk, ni reta, ni refi kap ka rantre nan nouveau mwa a nan Non Jezi.

### DEKLARASYON PWOFETIK

Mwen fini ak lavi pase mwen; Mwen gen lavi Kris la nan mwen. Li se espwa tout glwa. Mwen dekrete e mwen deklare ke Bondye ap fè yon nouveau bagay nan chak domèn nan lavi mwen. Amèn.

### ETID KONPLEMANTÈ

Ezayi 43:19

### 365 JOU DEFI LEKTI LABIB

Lekti jodiya se: 1 Samyèl 25:32-30:10

[www.goodnewsdailydevotional.com](http://www.goodnewsdailydevotional.com)

## SENYÈ JEZI KRIS NOU AN

Senyè nou Jezi Kris se wòch angilè fwa Kretyèn nan, lavi Li ak ansèyman Li yo te enfliyanse anpil anpil istwa limanite. Senyè nou Jezi Kris koni pou konpasyon san parèy Li, sajès Li, ansanm ak mirak Li te fè yo. Mesaj Li ki te sантre sou lanmou, padon, ak pwomès lavi etènèl, ofri espwa ak redanmsyon pou tout moun ki kwè nan Li. Pandan tout ministè Li, Li te vwayaje atravè peyi Jida, pandan lap geri malad yo, konsole moun ki aflije yo, ak ansenye sa ki konsène Wayòm etènèl Bondye a.

Resewva Jezi Kris kòm Senyè ak Sovè pèsonèl ou vle di aksepte ansèyman Li yo epi envite prezans transfòmativ Li nan laviw. Se yon vwayaj kap mennen nan akonplisman espirityèl, ki fonde nan lafwa, lanmou, ak pwomès pou jwenn sali.

Avèk Senyè nou an Jezi Kris, nou jwenn fòs, espwa, ansanm ak yon wout pou lapè etènèl. Poun ka vin konplè, oswa poun sove, se poun soumèt nou bay Bondye ansanm ak plan Li avèk objektif Li pou lavi nou. Se vire do bay ansyen fason nou yo epi vire fas bay Jezi Kris, poun mande Li padone peche nou yo epi ban nou lavi tou nèf nan Li.

Ròm 10:9 di:

"Si ou deklare ak bouch ou devan tout moun Jezi se Seyè a, si ou kwè tout bon nan kè ou Bondye te fè l' leve soti vivan pami mò yo, wa sove."

Sali se kado gratis Bondye ban nou epi nou vin pitit Li. Se yon akseptasyon irevokab nan fanmi Bondye a ak yon pouvwa pou fè viv yon lavi konplè ak byen ranpli nan objektif pou reflete Bondye ak tout rès kreyasyon Li an.

## **ESKEW RESEVWA JEZI KRIS DEJA?**

NAP ENVITEW POUW FÈ JEZI KRIS  
SENYÈ LAVIW NAN FÈ PRIYÈ SA:

"SENYÈ BONDYE, MWEN VIN KOTEW NAN  
NON JEZI KRIS. MWEN KWÈ AK TOUT KÈM  
NAN JEZI KRIS, PITIT BONDYE VIVAN. MWEN  
KWÈ LI TE MOURI POU MWEN E BONDYE TE  
LEVE LI NAN LANMÒ. MWEN KWÈ KE LI  
VIVAN JODIYA. MWEN KONFESE AK BOUCH  
MWEN KE JEZI SE SENYÈ LAVIM DEPI  
JODIYA. AK LI E NAN NON LI, MWEN GEN  
LAVI ETÈNÈL; MWEN FÈT ANKÒ (NE DE  
NOUVO). MÈSI SENYÈ, POUTÈT OU SOVE  
NANM MWEN! MWEN SE PITIT BONDYE  
KOUNYE A. ALELOUYA!"

**FELISITASYON! KOUNYE A OU SE PITIT  
BONDYE.**

To receive more information on how you can grow  
as a Christian, please get in touch with us on

**UK: +44 3333 448 612 / USA +1 240 781 6942  
RSA +27 51 004 0209**

## PASAJ LABIB POU PWOTEKSYON

### EZAYI 54

14 MWEN TE FÈT SOLID, ANRASINEN NAN LADWATI. BYEN LWEN TOUT TWOUB—PA GEN ANYEN POUM PÈ! BYEN LWEN LATÈRÈ—LI PAP MENM KA VIN PREM!

15 SI NENPÒT MOUN KI ATAKEM, MWEN PAP PANSE YON MOMAN KE SE BONDYE KI TE VOYE YO. E SI NENPÒT MOUN TA DWE ATAKEM, PA GEN ANYEN KAP PASE.

16 BONDYE TE KREYE FÒJWON KI MET DIFE NAN FÒJ LI EPI FABRIKE ZAM POU TOUYE. SE LIMENM TOU KI KREYE BANDI KAP KRAZE BRIZE.

17 MEN PA GEN OKENN ZAM KI KA BLESEM KI TE FABRIKE DEJA. NENPÒT MOUN KI AKIZEM YO PRAL FINI AK YO KÒM MANTÈ. MWEN SE SÈVITÈ BONDYE KIDONK MEN A KISA MPRAL ATANN: BONDYE PRAL FÈ ANSÒT KE TOUT BAGAY MACHE TRÈ BYEN POU MWEN.

SE SA BONDYE DIM E  
SA PAP ECHWE NAN NON JEZI!

# GID PWOFETIK OU CHAK JOU

BònNouvèl Jounen an disponib kounye a nan edisyon adolesan ak timoun, ansanm ak vèsyon prensipal la, ki pote pou ou yon pawòl pwofetik chak jou ki sòti dwat nan kè Prophet Uebert Angel. Devosyon sa yo prepare pou rann Pawòl Bondye a vivan pou tout moun nan fanmiw. Edisyon pou timoun yo prezante lafwa, lanmou, ak pwomès Bondye yo nan yon fason ki amizan ak kaptivan, alòske edisyon adolesan yo pote plis konesans pou gide yo nan lavi avèk sajès espirityèl ak fòs. Chak jou, resevwa konsèy pwofetik ki adapte ak mach ou ak Bondye, kèlkeswa laj ou! Pa manke opòtinite sa epi jwenn yon kopi gratis jodiya.



SCAN ME

PA PWOFÈT UEBERT ANGEL

@GOODNEWSDAILYDEVOTIONAL

WWW.GOODNEWSDAILYDEVOTIONAL.COM

# YON VIZYON GLOBAL MANDE YON BIDJÈ GLOBAL

VINI YON PATNÈ BÒNNOUVÈL JOUNEN AN



Gras ak patenarya jenere ou ansanm ak sipò finansyew nou kapab pataje devosyon BònNouvèl Jounen an nan tout kwen nan mond lan epi rakonte moun ki pa konnen yo revelasyon bòn nouvèl Senyè nou an Jezi Kris jan Trè Estime Pwofèt Uebert Angel te anseyel la.

. Nou kapab tradui, enprime, epi distribye devosyon BònNouvèl Jounen an atravè Vwayaj Misyonè nou yo, Kanpay GoodNews On-The-Go, epi patwone yon kanpay Nasyon/Lang pou ede plis simaye levanjil la. Vin yon patnè ak moun ki gen enterè nan vizyon mondal sa a epi vin ansanm ak nou nan pote mesaj diven Bondye a bay nasyon toupatou nan mond lan atravè Zanj Mesaje nou an, Bòn Nouvèl Jounen an.

**Pa Pwofèt  
Uebert Angel**

@GOODNEWSDAILYDEVOTIONAL

**PARTNER AT: [WWW.GOODNEWSDAILYDEVOTIONAL.COM](http://WWW.GOODNEWSDAILYDEVOTIONAL.COM)**



# GERIZON FASIL!

Pwofèt Uebert Angel se yon vesò Bondye chwazi pou akonpli yon manda diven, kel te resevwa pandan yon rankont sinatirèl ak Senyè a. Nan visit sa, Bondye te kòmandel poul administer gerizon epi gaye pouvwa gerizon Li a atravè nasyon yo. Atravè manda sa, Pwofèt Uebert Angel te pral resevwa misyon pou fè konnen pouvwa gerizon Bondye nan mond lan. Gide pa Sentespri, li te pral egzèse gerizon divès fason remakab, ki ta pral tèlman mennen mirak ke n paka konte, kote ke moun pa sèlman resevwa gerizon fizik men tou yo ta pral temwen glwa ak pouvwa san diskisyon Bondye.

Anplis apèl pwofetik li, Pwofèt Uebert Angel nan premye liy pou mennen yon mouvman global gerizon ak sali. Anba ministè li, anpil nanm te fè eksperyans transfòmasyon fizik ak espirityèl pwofon. Alòske moun yo tap resevwa gerizon, anpil nanm tap sove tou, yo te fè eksperyans plenitud lanmou ak redanmsyon Bondye. Atravè obeyisans li a direktiv Senyè a, Pwofèt Uebert Angel kontinye kraze baryè yo, louvri wout pou pouvwa diven Bondye transfòme lavi atravè mond lan.

Pa Pwofèt  
Uebert Angel

FOR MORE VISIT: [WWW.HEALINGINSTITUTE.ORG](http://WWW.HEALINGINSTITUTE.ORG)





## SPONSORE YON LANG

Jwenn nou nan vwayaj remakab sa nan patwone ak pataje Devosyon BònNouvèl Jounen an pou nou ka antre nan kè plizyè milyon atravè mond lan. Ansanm, nou ka gaye mesaj bòn nouvèl favè Bondye a nan chak vil, chak ri, ak chak kay nan plizyè lang atravè mond lan. Chak mwa, patnè devwe nou yo distribye kopi gratis Devosyon BònNouvèl Jounen an pou moun ki nan òfelina, prizon, lopital, kay pou granmoun aje, lekòl, enstitisyon gouvènman an, ak anpil lòt kote atravè mond lan. Nou te resevwa temwayaj sou sali, gerizon, pwovizyon divin, ak anpil lòt kòm rezulta kanpay distribisyon mondyal sa a. Rantre e fè pati mouvman gloriye Bondye sa nan bay yon moun chans pou yon nouvo kòmansman ak espwa tou nèf pou demen.

Pa Pwofèt Uebert Angel  
@GOODNEWSDAILYDEVOTIONAL

SPONSOR AT: [WWW.GOODNEWSDAILY DEVOTIONAL.COM](http://WWW.GOODNEWSDAILY DEVOTIONAL.COM)

DISPONIB NAN PLIZYÈ LANG

# KOLEKSYON BÒNNOUVÈL JOUNEN AN

ACHTE KOPY  
PAW LA  
JODIYA!



Pouswit Pawòl Bondye a: debloke richès espirityèl atravè Koleksyon BònNouvèl Jounen an. Nan pouswit yon lavi ki anrasinen byen pwofon nan Kris la, yon devouman san mank nan Pawòl Bondye a fòme wòch nan kwen an. Koleksyon BònNouvèl Jounen an, Volim 1 founi yon resous san parèy pou vwayaj sa a, li byen organize levanjil la an seksyon tematik pou etid anrichi ak konpreyansyon fasil.

Pa Pwofèt Uebert Angel

# BYENVINI NAN SANT AN LIY NOU AN! PA PWOFÈT UEBERT ANGEL

VIZITE SIT ENTÈNÈT NOU AN

WWW.GOODNEWSDAILYDEVOTIONAL.COM

WATERS TO A THIRSTY SOUL  
FROM A FAR COUNTRY.

@GOODNEWSDAILYDEVOTIONAL





Eksperyans enspirasyon chak jou ak kwasans espirityèl lè w vizite sit entènèt Good News Daily a. Plonje nan Pawòl pwofetik ou pou jounen an ak kontni anrichisan ki ka transfòme lavi ou. Pa rate opòtinite pou apwofondi lafwa w epi jwenn lajwa nan Pawòl Bondye a. Vizite sit entènèt Good News Daily jodiya!

For more information visit: [www.goodnewsdailydevotional.com](http://www.goodnewsdailydevotional.com)  
You can also send an email to: [gnd@goodnewsworld.com](mailto:gnd@goodnewsworld.com)  
Or Call At: **USA: +1 (240) 781-6942 UK: +44 333 344 8612**  
**ZW: +263 773 195 955 RSA: +27 (51) 004-0209**

# LOUVRI CHAK JOU



Rantre nan kominote global nou an ki chaje oditè kap demare jounen yo ak Devosyon BònNouvèl Jounen an. Tande Good News sou Spotify epi kitel sèliv konpay sou chemen kwasans espirityèl ak verite biblik anba revelasyon ak ansèyman Pwofèt Uebert Angel yo.



# LOUVRI CHAK JOU



Youtube

Nou pote ba ou temwayaj reyèl sou enpak Devosyon BònNouvèl Jounen an te genyen atravè lemond atravè chanèl YouTube nou an. Kòm nimewo en devosyon chak jou, li te tèlman touche lavi moun ke nou paka konte, gaye mesaj lespwa, lanmou, ak lafwa. Atravè ansèyman pwofon Pwofèt Uebert Angel yo, Devosyon BònNouvèl Jounen an vin tounen yon zouti pisan pou transfòmasyon pèsònèl, enspire moun, fanmi, ak timoun yo pou viv yon lavi ki gen objektif ak akonplisman.

Pa Pwofèt Uebert Angel



@GOODNEWSDAILYDEVOTIONAL

WWW.GOODNEWSDAILYDEVOTIONAL.COM



**TheGoodNewsWorld Helplines**

**USA:** +1 (240) 781-6942

**UK:** +44 333 344 8612

**ZW:** +263 773 195 955

**RSA:** +27 (51) 004-0209

[www.goodnewsworld.com](http://www.goodnewsworld.com)